# Нобэ Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэшхуэщ

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№53 (24.959) • 2026 гъэм накъыгъэм (майм) и 1, мэрем • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ •

**КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ**

# Гушхуэныгъэ къытхуэзыхьщ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэшхуэм и щIыхькIэ цIыхухэм зэрехъуэхъур

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэухэу пщIэ зыхуэсщIхэ!

Си гум къыбгъэдэкIыу сынывохъуэхъу Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэшхуэмкIэ!

Гъатхэм дэщIэращIэ икIи гушхуэныгъэ къытхуэзыхь а махуэшхуэм ди къэралым илъэс куэд хъуауэ къыдекIуэкI хабзэ дахэхэр иIэщ, абы и лъабжьэщ лэжьыгъэр фIыуэ лъагъуныр, IэщIагъэлIхэм я зэфIэкIхэмрэ гупхэм я егугъуныгъэхэмрэ пщIэ яхуэщIыныр. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэр гуащIафIэщ, къэралымрэ жылагъуэмрэ я сэбэп зыхэлъ я лэжьыгъэм ехъулIэныгъэхэр щызыIэрагъэхьэным хущIэкъу зэпытщ. Нобэ дэ псалъэ гуапэхэр яхужыдоIэ республикэм зегъэужьыным, и экономикэр гъэбыдэным, социальнэ IэнатIэр егъэфIэкIуэным хэлъхьэныгъэ хуэзыщI дэтхэнэ зыми. Псом хуэмыдэу фIыщIэшхуэ яхудощI ди нэхъыжьхэм - ди нобэрей махуэмрэ къэкIуэнумрэ я лъабжьэр зыгъэтIылъа цIыху зэчиифIэхэм, лэжьакIуэшхуэхэм.

Шэч къытесхьэркъым, лIакъуэхэм я зэпыщIэныгъэхэр тхъумэкIэрэ, дызэкъуэту фIым дыхуэлажьэкIэрэ, дэ зэдгъэхъулIэфынущ дыщалъхуа Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ ди Хэкумрэ щыпсэухэм я псэукIэр нэхъри зэIузэпэщ щIыным, зыузэщIыным хуэгъэзауэ зыхуэдгъэувыжа къалэнхэр.

Си гумрэ си псэмрэ къабгъэдэкIыу сынывохъуэхъу узыншагъэ быдэ, ехъулIэныгъэ фиIэну, фIым я фIыжыр къывэхъулIэну.

# Зыужьыныгъэм и тегъэщIапIэхэр

**Кавказ инвестицэ зэхуэсышхуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэригъэпэща гъэлъэгъуапIэм утыку къыщрахьахэм еплъащ УФ-м и Правительствэм и УнафэщI Мишустин Михаил**.



РЕСПУБЛИКЭМ и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек премьер-министрыр щыгъуазэ ищIащ инвестицэ проектхэм, абыхэм мы махуэхэм Iэ зыщIадза зэгурыIуэныгъэхэм къыщыгъэлъэгъуахэри яхэту. Санаторэ, хьэщIэщ комплексхэр ухуэныр, щыIэхэр зэгъэпэщыжыныр щыубзыхуащ абыхэм. 2030 гъэм ирихьэлIэу республикэм зэуэ цIыху минипщIым зыщагъэпсэхуфын хуэдэу ахэр зыщIэсынухэмкIэ къызэрагъэпэщынущ.

КъБР-м и Iэтащхьэм зэрыжиIамкIэ, щIыналъэм инвестицэхэр щыгъэлэжьэнымкIэ тегъэщIапIэфIщ экономикэм шэщIауэ зэрызиужьыр, ар къагъэлъагъуэ илъэс блэкIамрэ мы гъэм и япэ мазэхэмрэ кърикIуахэм.

«Республикэм и хэхъуэхэр нэхъыбэ мэхъу, мы гъэм и япэ мазиплIым ахэр процентти 111-м нэсащ, гъэ кIуам и апхуэдэ пIалъэм еплъытмэ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, сом мелуан 854-кIэ нэхъыбэ къэдлэжьащ.

2019 гъэм къыщыщIэдзауэ республикэм и ВРП-м хуэдитIкIэ хэхъуащ. Нэхъыбэ мэхъу мэкъумэш хозяйствэм, ухуэныгъэм, сатум фейдэуэ къахьми. Туристу ди деж илъэс кIуам щыIахэм я бжыгъэр мелуанитIым щIигъуащ. Мылъку нэхъыщхьэм инвестицэу къыхалъхьэр псори зэхэту сом мелард 83-м щIегъу, е 2024 гъэм елъытауэ процентти 102,5-рэ мэхъу. Хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымрэ пэрыт IуэхущIапIэхэр процентти 8,3-кIэ, я щхьэ хуэлэжьэжхэр процент 16,4-кIэ нэхъыбэ хъуащ, а IэнатIэм хэтхэм я жыджэрагъым хэхъуэ зэпытщ», - къыхигъэщащ КIуэкIуэ Казбек, Правительствэм и УнафэщIым гъэлъэгъуэныгъэм зыщригъэплъыхьым.

Абы къызэрыхигъэщамкIэ, инвестицэ жэрдэмхэр къыдаIыгъ къэрал, щIыналъэ къулыкъущIапIэхэм, гульытэ щхьэхуэ егъуэт а пэхуэщIэхэм къадэкIуэ инфраструктурэми. Экономикэм и зыужьыныгъэм нэхъыбэу тегъэщIапIэ ищIыр туризм IэнатIэм ехьэлIауэ ящIа мурадхэр зрагъэхъулIэнырщ. Инвестицэ лэжьыгъэри адэкIэ зэрыщIагъэхуэбжьэнури къыхигъэщащ Iэтащхьэм.

КIуэкIуэ Казбек Мишустин Михаил фIыщIэ хуищIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, абы и социально-экономикэ зыужьыныгъэм зэпымыууэ гулъытэ къызэрыхуищIым папщIэ.

Адыгэ Псалъэ • apkbr.ru • adyghe@mail.ru • smikbr.ru Адыгэ Псалъэ

# Кавказ Ищхъэрэм и къэкIуэнур

**Мэлыжьыхьым и 28 - 30-хэм Минеральные Воды къалэм щекIуэкIащ «Кавказ инвестицэ зэхуэсышхуэ-2026» зыфIаща зэхыхьэр. Абы и къызэгъэпэщакIуэщ Урысейконгресс фондыр, Урысей Федерацэм и Правительствэмрэ Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэмрэ и щIэгъэкъуэну.**

УФ-м и Президентым 2023 гъэм фокIадэм и 18-м къыдигъэкIа унафэ №697-м ипкъ иткIэ, Кавказ инвестицэ зэхуэсышхуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм (КИФЩI) и зыужьыныгъэм ехьэлIар 2024 гъэм къыщыщIэдзауэ илъэс къэс ирагъэкIуэкI.

Минеральные Воды къалэм и Iэхэлъахэм къыщызэIуаха «МинводыЭКСПО» къэрал зэхуаку гъэлъэгъуэныгъэ центрым щызэхаша мыгъэрей зэIущIэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и зыужьыныгъэм хуэгъэпса Iуэху куэди утыку къыщрахьащ.

## Налшык курортым ехьэлIауэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэм теухуауэ мы зэхуэсым щызэращIылIа зэгурыIуэныгъэхэм хыхьэу, ди республикэм и къалащхьэм щаухуэнущ «Озон отель Нальчик», «Графен» хьэщIэщхэр, илъэс псом лажьэ зыгъэпсэхупIэ-санаторэ, гъэм и сыт хуэдэ зэманми зэIуха «мультикластер-климат» курортыр, а псом къадэкIуэу иджырей мардэхэм тету къагъэщIэрэщIэжынущ цIыхухэм я узыншагъэм псырэ ятIэпскIэ щеIэзэ щIыпIэр. А Iуэхухэм, псори зэхэту, сом мелард 263,5-м нэблагъэ хухахынущ.

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек къызэрыхигъэщауэ, проектхэм я нэхъыбэр зыхуэгъэзар цIыхухэм хьэщIагъэ зэрырах Iэмалхэм ди республикэм зыщегъэужьыныр, зыгъэпсэхуакIуэхэм хуащIэ Iуэхутхьэбзэхэр егъэфIэкIуэныр. Лэжьыгъэхэм я нэхъыбэр къыщрахьэжьэнур къэрал мыхьэнэ зиIэ Налшык зыгъэпсэхупIэрщ.

Зытепсэлъыхьа ухуэныгъэхэм я нэхъ ину щытынур «мультикластер-климат» курортырщ. Сом мелард 250-м нэблагъэ зытрагъэкIуэдэну абы хагъэхьэнущ унагъуэкIэрэ зыщагъэпсэху хъуну жыг хадэшхуэр, туристхэм папщIэ хьэщIэщхэр, псы хущхъуэ къигъэхъуапIэхэр, этнопаркыр, къакIуэхэр щрагъэблагъэ жылагъуэ-щэнхабзэ центрыр.

Мурад нэхъыщхьэр зыхуэгъэзар республикэм къихьэ туристхэм я бжыгъэм хэгъэхъуэнымкIэ щIыналъэм и зэфIэкIыым нэхъри зегъэужьыныр, иджырей пщалъэхэм къитIасэ зыгъэпсэхупIэщIэхэр ухуэныр, лэжьапIэщIэхэр къыщызэIухыныр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым ехьэлIауэ форумым къыщагъэлъэгъуа инвест пэхуэщIэ 14-м щыщу 6-р Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм 2030 гъэ пщIондэ зэрызиужьыным хуэгъэзауэ ягъэхьэзыра программэм хагъэхьа Iыхьэщ. Фигу къэдгъэкIыжынщи, ахэр республикэм «Iуащхьэмахуэ» бгы-лыжэ курортыр, «Шэджэм-Агрохуабэщыр, Бахъсэн Ипщэ псы электростанцыр (ГЭС), «ИТ-парк» IэнатIэщIэр щыухуэнырщ, Тырныауз къалэм и бгылъэ къыщIэхыпIэм лэжьыгъэр щыублэжыныpщ, республикэм и щыхьэрым хьэблэщIэхэр къыщыгъэухуэнырщ.

## ЩIэупщIэм хохъуэ



КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ ДОМ.РФ-м и унафэщI Мутко Виталийрэ Кавказ инвестицэ форумым щытепсэлъыхьащ я зэдэлэжьэныгъэм зэрызрагъэубгъунум икIи худэчых зиIэ лизинг программэм ипкъ иткIэ коммунальнэ, гъуэгу-ухуэныгъэ проектхэр зэгъусэу зэрагъэзэщIэнумкIэ зэгурыIуэныгъэм Iэ щIадзащ.

«Худэчых зиIэ лизинг программэм иIэ щIэупщIэм кIуэ пэтми хохъуэ: ар къыщагъэсэбэп Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и хэгъэгуиплIым, иджы абы къыхохьэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэри. Ди зэдэлэжьэныгъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым Iэмал къритынущ и экономикэм инвестицэщIэхэр къыхишэну, техникэхэр къигъэщIэрэщIэжыну. Апхуэдэу ар сэбэп хъунущ къалэдэсхэм я тыншыпIэхэр егъэфIэкIуэнымкIэ», - къыхигъэщащ Мутко Виталий.

«Акционер зэгухьэныгъэм и унафэщIым фIыщIэ хуэсщIыну сыхуейт «Мей» хьэблэм псэупIэхэр щыухуэным хуэунэтIа проектыр гъэзэщIэнымкIэ дэIэпыкъуэгъу къызэрытхуэхъуам папщIэ. Метр зэбгъузэнатIэу мин 244,3-рэ хъуу унэу 8 хьэзыр ящIащ. Инвестицэу сом мелард 12,4-рэ халъхьащ. Нобэрей зэгурыIуэныгъэм Iэмал къыдитынущ республикэм и щIыналъэхэм щыIэ псэупIэ-коммунальнэ комплексхэм я техникэхэр къэдгъэщIэрэщIэжыну. Мы зэманым апхуэдэ техникэу 46-рэ дыхуэныкъуэщ. А унэтIыныгъэм зэрызиужьынур ди республикэм и экономикэмкIэ хэлъхьэныгъэшхуэ хъунущ, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

Коммунальнэ, гъуэгу-ухуэныгъэ техникэмкIэ худэчых зиIэ лизинг программэм 2025 гъэм и мэлыжьыхь мазэм лэжьэн щIидзащ. Ар хуэунэтIащ урысей щIыналъэхэм я техникэхэр къэгъэщIэрэщIэжыным. Урысейм щащI техникэр къызэрыпщэхуну мылъкур илъэсищым къыщыщIэдзауэ илъэсиблым нэс пIалъэкIэ къуатынущ. 2030 гъэ пщIондэ коммунальнэ, гъуэгу-ухуэныгъэ техникэмкIэ худэчых зиIэ лизинг программэр гъэзэщIэным сом мелард 50 хухахащ, мэкъумэш хозяйствэм къыщагъэсэбэпыну техникэмкIэ программэм - сом мелард 330-рэ.

## Кавказым хуэгъэза унэтIыныгъэ



«ЩIыналъэм и унафэщIым допсалъэ: Кавказым зегъэужьыным ехьэлIа къалэнхэр» зыфIаща зэIущIэм щытепсэлъыхьащ инвестицэ Iуэхухэмкiэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и зэфIэкIыр зыхуэдэм.

Зэхыхьэм хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек, УФ-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ Назаров Сергей, УФ-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министрым и къуэдзэ Разин Андрей, «Опоры России» зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщI КъылъшыкЪуэ Альберт, «Кавказ. РФ» АО-м и унафэщIым и къуэдзэ Беккаев Хьиса, хьэрычэтыщIэхэмрэ инвесторхэмрэ, Къэзахъстанымрэ Белоруссиемрэ я лIыкIуэхэр.

- Къызэрыслъытэмкiэ, мы форумыр абы ипэкIэ щыIахэм ефIэкIыжащ, псом хуэмыдэжу ди республикэм теухуауэ, - къыхигъэщащ КIуэкIуэ Казбек. - Къэбэрдей-Балъкъэрым ехьэлIауэ мы махуэм зэтщIылIа зэгурыIуэныгъэхэм я нэхъыбэр зытеухуэжар щIыналъэм туризмэм зыщегъэужьыныр, абы къыдэкIуэу мэкъумэш хозяйствэм нэхъри зыкъегъэIэтыныр. ЗэрынэрылъагъущI, ди республикэм хуабжьу щогугъу жыг хадэщIэхэр щыгъэтIысыным, пхъэщхьэмыщхьэ, хадэхэкI бэв къыщехьэлIэжыным, ахэр щахъумэхэм нэхъри зыщаубгъуным. Зыхудогъэхьэзыр икIи ди мурадщ 2030 гъэм ирихьэлIэу, пхъэщхьэмыщхьэрэ хадэхэкIыу зэуэ тонн мелуаным нэблагъэ зыщIэхуэну гъэтIылъыпIэхэр диIэным.

Сессием къыщагъэлъэгъуа инвест проектыщIэхэм ящыщщ Налшык курортым ехьэлIахэри. Ахэр вагъуитху зиIэну «Клубный отель» зыфIащамрэ «Белый сад» СПА жыхуаIэмрэщ. Иужьрейм и гъэзэщIэным, зэрыхуагъэфащэмкIэ, трагъэкIуэдэнущ сом мелард 1,5-м нэблагъэ. Къыхэзылъхьахэм зэрыжаIэмкIэ, мыр санаторэукъым икIи сымаджэщукъым зэрыщытынур, атIэ, къалэми дэмыкIыу щIыуэпсми хэмыкIыу, гъэм и кIыхьагъкIэ цIыхухэм зыщагъэпсэху хъуну екIуэлIапIэщ.

- Инвесторхэм защIэдгъэкъуэным ехьэлIауэ ди Iуэху бгъэдыхьэкIэм и и гугъу тщIымэ, къызэрыслъытэмкIэ, дэ абыхэм ди гупэр сытым дежи яхуэгъэзауэщ зэрыщытыпхъэр, дазэрыдэIэпыкъунури шэч къызытедмыхьэщ! - ИгъэбелджылащI КъБР-м и Iэтащхьэм, зэIущIэр щызэхуищIыжым.

## ЗэпыщIэныгъэхэм зрагъэубгъу

Зэхуэсышхуэм щызэIущIащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ Абхъаз Республикэм и Президент Гунбэ Бадрэрэ.

Ахэр тепсэлъыхьащ республикэхэм я зэпыщIэныгъэхэм нэхъри зегъэубгъуным пыщIа Iуэхухэм. Абыхэм япкъ иткIэ Iэ традзащ республикэхэм я щыхьэрхэу Налшыкрэ Сыхъумрэ зэныбжьэгъугъэ зэпыщIэныгъэ яку дэлъыным теухуа зэгурыIуэныгъэм.

Республикэхэм я унафэщIхэри кърихьэлIэу а дэфтэрым Iэ традзащ Налшык къалэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ Ахъуэхъу Таймуразрэ Сыхъум и администрацэм и унафэщI Агрбэ Тимуррэ.

Абхъаз лIыкIуэхэу зэIущIэм хэтащ премьер-министр Делбэ Владимир, абы и къуэдзэ Нанбэ Жансэхъу, экономикэмкIэ министр Миквабие Теймураз. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу - Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Къуныжь МуIэед, экономикэ зыужьыныгъэмкIэ министр Рахаев Борис.

«Абхъазыр сату-экономикэ и лъэныкъуэкIэ ди лэжьэгъу нэхъыщхьэхэм ящыщщ. Ди сэбэп зыхэлъ Iуэхухэм я лъабжьэр къыщожьэ тхыдэкIэ, щэнхабзэкIэ ди лъэпкъхэм илъэс куэд хъуауэ яку дэлъ зэпыщIэныгъэхэм», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

Республикэхэм я правительствэхэм мэлыжьыхь кIуам Сыхъум Iэ зыщытрадза зэгурыIуэныгъэмрэ иджырей дэфтэрымрэ хуэщхьэпэнущ ухуэныгъэ, псэупIэ-коммунальнэ, туризм, узыншагъэр хъумэн, щIалэгъуалэ политикэ IэнатIэхэм щызэдэлэжьэным.

## Япэ зэритым и щапхъэхэр

КIуэкIуэ Казбек хэтащ Кавказ инвестицэ зэхуэсышхуэм и етIуанэ махуэм щызэхэта пленарнэ зэIущIэм. Ар иригъэкIуэкIащ Урысей Федерацэм экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Решетников Максим.

ЗэIущIэм щIидзэн ипэ, министрыр Къэбэрдей-Балъкъэрым игъэхьэзыра гъэлъэгъуэныгъэм еблагъэри, абдежым къыщагъэнэIуа, республикэм и экономикэм зригъэужьыну, абы щыпсэухэм я псэукIэр иригъэфIэкIуэну зыщыгугъ инвестицэ проектхэр зригъэлъэгъуащ.

КIуэкIуэ Казбек Урысейм Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм фIыщIэ хуищIащ ди республикэр проектышхуэхэр щызэфIагъэкIыну къызэрыхахам папщIэ. Абыхэм куэдкIэ елъытащ щIыналъэм и псэукIэр зыхуэдэнур.

«Инвестицэхэм я лэжьэкIэм зэрызихъуэжыр: къэкIуэнур Iэмалыщiэкiэ убзыхун» зыфIаща зэIущIэм и Iыхьэм КИФЩI-м и экономикэ зыужьыныгъэм, зыхуагъэувыжа къалэнхэм халъхьэну зэхъуэкIыныгъэхэм, инвестицэщIэхэр къызэрырашэлIэну щIыкIэм щытепсэлъыхьащ къызэхуэсахэр.

Решетников Максим къыхигъэщащ Кавказ Ищхъэрэм щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэфIхэр бжыгъэхэм нэрылъагъу зэращIыр. Илъэс блэкIам елъытауэ, мы гъэм щIыналъэм кърашэлIа инвестицэхэр процентиI 10-кIэ нэхъыбэщ. Илъэс блэкIам яхуэзэфIэкIа псори къызэщIэпкъуэжу щытми, экономикэм и мардэ нэхъыщхьэхэмкIэ регионыр япэ зэритыр ягъэлажьэ мылъкум и инагъми (ВРП), къыщIагъэкI хьэпшыпхэм я бжыгъэми, мэкъумэшым къыщрахьэлIэ гъавэми, туризмэми, къинэмыщIхэми къагъэлъагъуэ.

- КИФЩI-м щекIуэкI лэжьыгъэхэм кIуэ пэтми заубгъу: псэупIэхэр нэхъыбэ зэрыхъум и фIыгъэкIэ, ухуэныгъэ IэмэпсымэхэмрI унэм къыщысэбэп хьэпшыпхэри къащэхун хуей мэхъу. ЦIыхухэм я хэхъуэм зиубгъуху, къащэхунури нэхъыбэщ. ПсэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм лэжьыгъэр щызэтраухуэмэ, абы лъэныкъуэ псори иригъэфIэкIуэнущ, - жиIащ Решетниковым. - Кавказым гъуэгу псори щызэблокI: Ищхъэрэ-ИпщэкIэ унэтIахэри, КъухьэпIэ-КъуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ кIуэхэри. Абы туризмэми, ерыскъы къыщIэзыгъэкI промышленностми, жызум гъэкIынми, мэл гъэхъунми, хуабэщ зэгъэпэщынми ехъулIэныгъэ ущиIэну Iэмал къуэт.

ЗэIущIэм гулъытэ щыхуащIащ Урысейм и Правительствэм къэралым и экономикэм и лэжьэкIэм хилъхьа зэхъуэкIыныгъэхэм. Псалъэм и хьэтыркIэ, хабзэщIэхэм хьэрычэт курытымрэ мащIэмрэ Iэмал ярет пIалъэ кIэщIкIэ лэжьакIуэхэр къащтэну, нэхъыбэ ирагъэщIэну, къинэмыщIхэр.

Министрым къызэхуэсахэр щыгъуазэ ищIащ дяпэкIэ утыку кърахьэну хабзэщIэхэм, хьэрычэтыщIэхэр зыхуэбэлэрыгъ мыхъуну лъэныкъуэхэм.

## Экономикэм хуэщIауэ



УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Новак Александр иригъэкIуэкIащ «Креативная экономика Кавказа: новые точки роста» зэIущIэр. Абдеж утыку къыщрахьащ а унэтIыныгъэм щIыналъэхэм иригъэкIуэкI лэжьыгъэр.

Вице-премьерым ягу къигъэкIыжащ къэралым къыщалэжь продукцэм креатив индустрием щиубыд увыпIэр 2030 гъэм ирихьэлIэу проценти 6-м нэскIэ хагъэхъуэну зэрамурадыр.

Ди республикэм зыщызыужь унэтIыныгъэхэм ящыщ зыщ ар. Креатив (творческэ) индустриер ипэкIэ гъэкIуэтэным теухуа унафэр нэгъабэ и мэлыжьыхь мазэм республикэм къыщащтауэ щытащ. А Iуэхум ди деж щыпэрытщ субъект мини 4,3-м щIигъу.

Правительствэмрэ ПроектыщIэхэр гъэкIуэтэнымкIэ стратегие жэрдэмхэмкIэ агентствэмрэ зэращIылIа зэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ а унэтIыныгъэм зэрызрагъэужьыну щIыналъэ жыпхъэхэр Iуэхум къыщагъэсэбэпу щIадзэнущ.

Абы и лъэныкъуэкIэ япэ игъэщыпхъэхэм ящыщщ зыхуэныкъуэ ухуэныгъэхэр щIыныр. Апхуэдэ зыуэ щытынущ «Урысей» лъэпкъ центрым и къудамэу Налшык щаухуэр. Абдеж щрагъэкIуэкIынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэр зи лъабжьэ гъэлъэгъуэныгъэ инхэр, узэщIыныгъэ зэIущIэхэр.

«Эльбрус» курортми апхуэдэ утыку къыщызэгъэпэщыным теухуа Iуэхуми хоплъэ. Абы туризмэм зригъэужьынущ, зыплъыхьакIуэ нэхъыби щIыналъэм къришэлIэнущ. Апхуэдэ лэжьыгъэр республикэм и зэIузэпэщ псэукIэм хуэунэтIащ, апхуэдэу инвесторхэр къешэлIэнымкIи IэмалыфIщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр нэгъабэ япэу хэтащ «Russian Creative Awards» урысей лъэпкъ саугъэтым икIи «Креативный регион» унэтIыныгъэмкIэ нэхъыфIу къалъытаипщIым яхэхуащ.

КIуэкIуэ Казбек къызэрыхигъэщамкIэ, зэман гъунэгъум я мурадщ креатив индустриемкIэ япэ форум республикэм щрагъэкIуэкIыну. Абы щытепсэлъыхьынущ креатив экономикэм зэрызрагъэужьыну Iэмалхэм.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**

*Налшык - Минводы - Налшык.*



# Къэрал мылъкур зэрызэрагъэзахуэр

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым щекIуэкIащ Экономикэ политикэмкIэ, зыужьыныгъэмкIэ, туризмэмрэ хьэрычэт IуэхумкIэ комитетым и зэIущIэ. Зытепсэлъыхьар «КъБР-м и къэрал мылъкур зехьэным и IуэхукIэ» республикэ законыр къызэрагъэсэбэп щIыкIэрщ.**

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ Жанатаев Сэлим, КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я лIыкIуэу КъБР-м и Парламентымрэ суд IуэхущIапIэхэмрэ щыIэ Дыщэкl Мадинэ, депутатхэр, «Росреестр»-м и управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI Соблыр Беслъэн, министерствэхэм, муниципальнэ щIыналъэхэм я унафэщIхэр.

ЗэIущIэр къыщызэIуихым, КъБР-м и Парламентым Экономикэ политикэмкIэ, зыужьыныгъэмкIэ, туризмэмрэ хьэрычэт IуэхумкIэ и комитетым и унафэщI Iэпщэ Заур жиIащ ди къэралым къызэрытракъуэзэм иджыпсту экономикэм и щытыкIэр нэхъ гугъу зэрищIыр къэлъытауэ, республикэм дэтхэнэ IуэхущIапIэми и фейдэ нэхъыбэ къыхихын зэрыхуейр - ар бэджэнду ят ирехъу е уней ящIу щрет. Къэпсэлъам къыхигъэщащ КъБР-м Мылъкумрэ щIы зэхущытыкIэхэмкIэ и министерствэмрэ комитетым хэтхэмрэ зэрызэдэлажьэ щIыкIэм арэзы укъызэрищIыр, ящэну къагъэлъагъуэ IуэхущIапIэхэм Правительствэр и чэзум зэрыхэплъэр.

- Хабзэ и лъэныкъуэкIэ дыхущIокъу и чэзум сыт хуэдэ Iуэхуми дызэрыпэджэжынум. Гугъуехь нэхъыбэу здэщыIэхэр гъэбелджылыныр, ахэр и чэзум къэдгъэлъэгъуэныр ди къалэн нэхъыщхьэщ, - жиIащ Iэпщэм. Депутатым дыщIигъуащ республикэ хабзэм къищынэмыщIа, къэрал мылъку зехьэкIэм теухуауэ федеральнэ законодательствэм хэлъынкIэ хъуну ныкъусаныгъэхэми гу лъатэн зэрыхуейр.

## Мэкъумэш щIапIэр

КъБР-м щIымрэ мылъку зэхущытыкIэхэмкIэ и министрым и къуэдзэ Уянаев Таймураз жиIащ дызэрыт илъэсым щIышылэм и 1-м ирихьэлIэу къэрал мылъкум и реестрым къэрал IуэхущIапIэу 185-рэ, къэрал предприятэу 2, къэрал мылъкуу, ауэ къэрал IуэхущIапIэм трамытхауэ 276-рэ, щIы Iыхьэу 1335-рэ зэрыхэтыр. Республикэ бюджетым и хэхъуэр нэгъабэ сом мелуан 42,3-м нагъэсащ, сом мелуан 29,5-рэ хъуну тращIыхьами. 2025 гъэм щIыналъэм къыIэрыхьар ипэ ита илъэсым елъытауэ сом мелуани 8,5-кIэ нэхъыбэщ.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зегъэужьынымкIэ корпорацэ» акционер зэгухьэныгъэм и устав мылъкум халъхьэ Iыхьэр гъэзэщIэным ехьэлIа Iуэхугъуэхэм.

Мэкъумэш щIапIэр къызэрагъэсэбэпым теухуа лэжьыгъэри ирагъэкIуэкIащ. ИджыпстукIэ вапIэхэмрэ илъэс куэдкIэ хасэхэмрэ нэгъэсауэ къагъэсэбэп, ахэр мэкъумэшым елэжьхэм бэджэнду яIыгъщ. ХъупIэхэр процент 86,6-кIэ къагъэсэбэп (зэбгъапщэмэ, 2019 гъэм къагъэсэбэпар процент 43,2-рэт). Нэгъабэ бэджэнд зэгурыIуэныгъэ 16 зэращIылIащ щIы гектар мини 2,5-м ехьэлIауэ. IэщIагъэлIхэм ирагъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэм къагъэлъэгъуащ хабзэр щамыгъэзэщIа: зым - хабзэм къемызэгъыу хьэрычэт лэжьыгъэ къыщызэрагъэпэщат, адрейм - ухуэныгъэ щаублат.

Къэрал мылъкур уней щIыным ехьэлIауэ 2025 гъэм кърикIуахэр къыщагъэлъагъуэм, къыхагъэщащ зытращIыхьар сом мелуани 146-уэ щытами, абы сом мелуан 362,7-рэ къызэрыпэкIуар.

КъБР-м ЩIымрэ мылъку зэхущытыкIэхэмкIэ и министерствэм игъэхьэзыращ дзэ Iуэху хэхам хэтхэм защIэгъэкъуэныр зи лъабжьэ мардэхэри. Правительствэм къищтащ зи гугъу тщIы цIыху гупхэм щIы Iыхьэм и пIэкIэ сом мин 250-рэ зэ тыгъуэу етыным теухуа унафэр.

## Я зэфIэкIхэр

Налшык къалэм и щIыпIэ администрацэм и унафэщIым и къуэдзэ Дыгъужь Нателлэ зэIущIэм хэтахэр щигъэгъуэзащ республикэм и къалащхьэм и муниципальнэ мылъкур зэрызэрахьэ щIыкIэм. 2026 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м ирихьэлIэу, ягъэIэпхъуэ, ямыгъэIэпхъуэ къалэ мылъкум и уасэр, щIы Iыхьэхэр хэмыту, сом мелард 13,7-рэ мэхъу. Апхуэдэуи къалэ оругым щIы Iыхьэу 3770-рэ бгъэдэлъщ, абы щыщу 2625-р бэджэнду ятащ.

Муниципальнэ мылъкум и Iыхьэ нэхъыбэр яубыд ЖКХ-м и IуэхущIапIэхэм. Къыхагъэщащ электрокъарукIэ къызэзыгъэпэщ IуэхущIапIэ 420-рэ «Кавказ Ищхъэрэм и Россетьхэр» - «Къэббалъкъэнергэ» ПАО-м зэрыратар, илъэс къэс бэджэндыпщIэу сом мелуани 123,5-рэ къату. АрщхьэкIэ мы гъэм федеральнэ законодательствэм зэрызихъуэжам къыхэкIыу, ахэр пщIэншэу къагъэсэбэпыну иратын хуей хъунущ. «Налшык водоканал» МУП-м IуэхущIапIэ 1639-рэ иратащ, абыхэм ящыщу кадастр учетым процент 35-м щIигъур ягъэуващ, а лэжьыгъэр иджыри йокIуэкI.

Муниципальнэ мылъкур зехьэным 2025 гъэм къыпэкIуа хэхъуэр псори зэхэту сом мелуан 461-рэ хъуащ (2024 гъэм сом мелуан 75-кIэ щIегъу). Хэхъуэ нэхъыбэу къызыпэкIуэр щIыр, мылъкур бэджэнду тыныр щ, щIы Iыхьэхэр щэныр щ. 2019 гъэ лъандэрэ ирагъэкIуэкI кадастр лэжьыгъэхэм я фIыгъэкIэ, щIы налогыр сом мелуани 127-м къыщыщIэдзауэ мелуани 193-м нэсащ, мылъкум техуэ налогыр сом мелуан 22,5-м къыщыщIэдзауэ мелуани 147-рэ хъуащ.

## Мылажьэу щыт IуэхущIапIэхэм я къекIуэкIыкIэр

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ республикэм и санаторэ-курорт IуэхущIапIэхэм ящыщу мылажьэу щытхэм. Къалмыкъ БетIал и цIэр зезыхьэ зыгъэпсэхупIэмрэ «Нарзан» санаторэмрэ зи мылъку хэзылъхьэн къагъуэтын мурадкIэ сату зэIухахэр ирагъэкIуэкIащ. ЗэIущIэм хэтахэм жаIащ IуэхущIапIэхэр къэзыщэху языныкъуэхэм илъэс бжыгъэкIэ ахэр зэрыщагъэтыр, зы соми хамылъхьэу.

Зытепсэлъыхьахэр къыщызэщIикъуэжым, Iэпщэ Заур къыхигъэщащ къаIэта Iуэху псори набдзэгубдзаплъэу зэрызэпкърахынур. Абыхэм япкъ иткIэ къыхалъхьэну я мурадщ къэрал, муниципальнэ мылъкур зехьэным и фIагъыр къэIэтыным хуэунэтIа хабзэубзыху жэрдэмхэр.

*КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.*

# ГупсысэщIэхэм я къежьапIэ

**Иджыблагъэ «Волонтёр Iуэхур фIыщ» Iэнэ хъурейр екIуэкIащ. Зэхыхьэм хэтащ студентхэр, школакIуэхэр, еджапIэ нэхъыщхьэхэм я лIыкIуэхэр, хамэ къэралхэм къикIа еджакIуэхэр. Абыхэм яхутепсэлъыхьащ иджырей жылагъуэм хьэрэмыгъэншэу цIыхум дэIэпыкъуным щиIэ мыхьэнэм, граждан Iуэху еплъыкIэ пэж зэфIэгъэувэным пыщIа щхьэхуэныгъэхэм, щIалэгъуалэм я псэкупсэ-щэнгъасэ зыужьыныгъэм, нэгъуэщIхэми.**

КЪЫЗЭХУЭСАХЭМ фIэхъус псалъэкIэ захуигъэзащ КъБКъУ-м и Библиотекэм и унафэщI Гериевэ Аймани. Абы къыхигъэщхьэхукIащ дунейм и къэрал 80-м зыщызыубгъу волонтёр зэщIэхъееныгъэм нобэ, зэи хуэмыдэжу, мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

«Дызыхэпсэукl лъэхъэнэм Iуэху гуапэ пщIэныр зимыуасэ щыIэкъым. Егъэджэныгъэ, щIэныгъэ Iуэхухэр дэIыгъынымкIэ центру щыт библиотекэм апхуэдэ Iуэхухэм ущытепсэлъыхьыныр игъуэ дыдэщ. Ди лэжьакIуэхэмрэ студентхэмрэ пщIэншэу куэдрэ мэлажьэ, адрейхэм ядоIэпыкъу. Мис апхуэдэ зэхущытыкIэ гуапэм гупсысэщIэхэр кърокIуэ, IуэхущIэхэм утрегъэгушхуэ», - къыхигъэщащ Гериевэ Аймани.

КъБКъУ-м гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и управленэм и унафэщI Джэрыджэ Залинэ къызэхуэсахэм гу лъаригъэтащ: «Волонтёр Iуэхум гуапагъэу, къабзагъэу, гупцIанагъэу хэлъым гъунэ иIэкъым. Уи псэм фIэмыфIу волонтёру ущытыфынукъым. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ар гум къыбгъэдэкI лэжьыгъэщ. Ди университетым волонтёр центр ин диIэщ. Фэ къывгуроIуэ нэхъыбэм а лэжьыгъэр гулъытэншэу къызэрынэр. Iуэху гуэр къыщызэдгъэпэщкIэ, щIалэхэм абы гуащIэу халъхьэр афишэхэм къытрадзэркъым, уеблэмэ Iуэхур щекIуэкI утыкуми щыплъагъуркъым. Ауэ а нэрымылъагъу, псэемыблэж лэжьыгъэрщ еджапIэхэмрэ жылагъуэмрэ я дежкIэ уасэншэр. Ди щIалэхэмрэ пщащэхэмрэ фIыщIэшхуэ яхудощI я гу къабзагъэм папщIэ».

ИнджылызыбзэкIи урысыбзэкIи докладхэр утыку кърахьащ Индием, Бангладешым, Суданым, Пакистаным, Тыркуменистаным щыщ студентхэм. Ахэр тепсэлъыхьащ лъэпкъ зэдэIэпыкъуныгъэм и хабзэхэмрэ зыщыщ къэралхэм щыщыIэ экологие жэрдэмхэмрэ.

Налшык дэт курыт школ №19-м и еджакIуэ, «Пашэхэм я зэщIэхъееныгъэм» хэта Шэру Алия тепсэлъыхьащ Урысейм и волонтёр Iуэхур къызэрежьамрэ зэрызиужьамрэ, абы и иджырей унэтIыныгъэхэм: щэнхабзэ, экологие, къэхъукъащIэ. Алия я гугъу ищIащ хамэ къэрал студентхэр лъэпкъ куэду зэхэт ди къэралым и щэнхабзэм щызыгъэгъуазэ литературэ клубхэм я лэжьыгъэм.

«Добро» университет центрым и лэжьыгъэм къызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ КъБКъУ-м и Педколледжым и студент Гъурф Миланэ. Иджыпсту центрым и лэжьыгъэм цIыху 1700-м щIигъу хэтщ. Проект нэхъыщхьэхэм ящыщщ Iуащхьэмахуэ районым щыIэ «Доброволецхэм я еджапIэр», «Iуащхьэмахуэ и щыгур къабзэщ» Iуэхур.

Къызэхуэсхэм ягу къагъэкIыжащ dobro.ru платформэмкIэ езым фIэфIу нэгъуэщIхэм ядэIэпыкъухэмрэ сэбэпынагъ зыпылъ Iуэху зэфIэзыххэмрэ зэрахыхьэфынур, абыхэм ящыщу нэхъ жанхэмрэ нэхъ жыджэрхэмрэ «Илъэсым и волонтёр» цIэр къыфIащ.

Зэхыхьэр щиухым, КъБКъУ-м и библиотекэм и унафэщIым хамэ къэрал щыщ цIыхухэм ядэлэжьэнымкIэ и къуэдзэ Багъ Заремэ псоми фIыщIэ яхуищIащ зэIущIэм зэрыхэтам папщIэ: «Дэтхэнэри IуэхуфIхэм зэрытегъэгушхуэн къару нобэрей зэIущIэм къызэрыхахар си фIэщ мэхъу. Мы Iэнэ хъурейр гупсысэщIэхэм я къежьапIэ ирехъу».

**IЭРЫС Iэсият.**

# ЩIыхуэр нэхъ мащIэ хъуркъым

**2026 гъэм и япэ мазищым Къэбэрдей-Балъкъэрым ЖКХ-мкIэ и IуэхущIапIэхэм къагъэсэбэпа электрокъарум щхьэкIэ щIыхуэу ятелъым и куэдагъым процентi 8-кIэ хэхъуащ икIи мэлыжьыхьым и 1-м ирихьэлIэу ар сом меларди 4,1-м щIигъуащ, къиташ «Кавказ Ищхъэрэ Россети» компанием и пресс-IуэхущIапIэм.**

КЪАПЩЫТЭЖ пIалъэм къриубыдэу республикэм ЖКХ-мкIэ и IуэхущIапIэхэм электрокъаруу къагъэсэбэпам и процент 26,5-рщ уасэр зыщIатар. Апхуэдэу щыхъукIи, «Россети»-м и щIыхуэм и процент 97-р зытелъыр псы къабзэрэ псы хуабэкIэ къызэзыгъэпэщ IуэхущIапIэхэрщ.

«Россети Кавказ Ищхъэрэм» и «Къэббалъкъэнерго» къудамэм и щIыхуэ зытелъхэм ехьэлIауэ лэжьыгъэ пыухыкIахэр ирегъэкIуэкI икIи ар къыхихыжын мурадкIэ судым тхыгъэ 209-рэ игъэхьащ, псори зэхэту сом мелуан 255-м нэблагъэ хуэзэу.

«Энергокомпанием сыт хуэдэ лэжьыгъэ иримыгъэкIуэкIами, республикэм и район администрацэхэм я унафэщIхэм зэрызыхуагъазэри хэту, ЖКХ-м и IуэхущIапIэхэм ятелъ щIыхуэр гъэмэщIа хъуакъым. Псалъэм къыдэкIуэу, Май, Лэскэн районхэм, мы гъэм мэлыжьыхьым и 1-м ирихьэлIэу, электрокъаруу къагъэсэбэпам зы сом щIатакъым», - щыжаIащ пресс-IуэхущIапIэм.

Апхуэдэу щыхъукIи, ЖКХ-м и IуэхущIапIэхэм хуащIэ Iуэхутхьэбзэхэм къапэкIуэ ахъшэмкIэщ «Россети»-м и IэнатIэхэр къызэрагъэщIэрэщIэжыр, программэхэр зэрагъэлажьэр.

**ДОЛЭТ Джэрий.**

# Ныбжьэгъу зэрыгъэхъуахэр



**«Акрополь» хьэщIэщым мэлыжьыхьым и 29-м щызэхуащIыжащ ди щIыналъэм къыщагъэщIэрэщIэжа «Зэныбжьэгъугъэ-2026» щIалэгъуалэ Iуэхум и зи чэзу Iыхьэр. Абы хэта щIалэхэм ящIыгъуащ я Iыхьлыхэри. КъБР-м. Лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проекхэмкIэ и министерствэм къызэригъэпэщ мы зэхыхьэ щхьэпэр хэлъхьэныгъэфIщ УФ-м и Президентым 2026 гъэр Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсу зэрагъэувам теухуауэ къэралым щызэфIагъэкIхэм.**

IУЭХУ зэрырагъэжьэрэ КъБР-м, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и хэгъуэгухэм, УФ-м, хамэ къэралхэм щыпсэу ныбжьыщIэ куэд къуэш зэрыгъэхъуауэ унагъуэкIэ зэкIэлъокIуэ. Абы хэтщ илъэс 14-м щыщIэдзауэ 17-м нэс зи ныбжь щIалэхэр. Мыгъэрейм къыхашащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуажэ, къалэ псоми щыщхэр. Iуэхур къызэзыгъэпэщахэм я мурадщ ижь-ижьыж лъандэрэ Кавказым щызекIуэ хьэщIагъэ хабзэ дахэр къагъэщIэрэщIэжыну, лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэр, жэуаплыныгъэ зыпылъ зэхущытыкIэ дахэхэр нэхъыжьхэм щIэблэм къыхуагъэнэну, зэгурыIуэ, мамырыгъэ яку дэлъу, зым и хабзэм адрейм пщIэ хуищIу къэгъуэгурыкIуэ кавказ лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэм зрагъэубгъуну. Бзэ, хабзэ, дин зэмылIэужьыгъуэхэр зезыхьэ лъэпкъхэр мыпхуэдэ Iуэхум зэкъуегъэувэр, пщIэ зыхуащIу ирегъасэ.

Жэуаплыныгъэ ин зыпылъ мы Iуэхум хэта унагъуэхэм фIыщIэ хуащIащ. Псом хуэмыдэу къалэнышхуэ къапэщылът щIалэхэр щыхьэщIа унагъуэхэм, абыхэм я еджэнкIи зыгъэпсэхункIи, я унэ щыIэж хуэдэу, егугъуу тхьэмахуэкIэ къызэрагъэпэщын хуейти. Псалъэ гуапэхэр хужаIащ Iуэхур гъэзэщIэныр къадэзыIыгъа къалэ, къуажэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэми.

ХьэщIапIэ щыIа щIалэхэмрэ абыхэм бысым яхуэхъуахэмрэ чэзууэ утыкум кърашэурэ тхьэмахуэр зэрагъэкIуам, щIэуэ къащIам трагъэпсэлъыхьыжащ. «Зэныбжьэгъугъэ-2026» Iуэхум щIалэ 18 хэтщ. Япэу ирагъэблэгъащ Шэрэдж щIыналъэм хыхьэ Бабугент къуажэм щыщ, 10-нэ классым щеджэ Ульбашев Артуррэ Аруан щIыналъэм хыхьэ Джэрмэншык къуажэм щыпсэу, 10-нэ классым щIэс Джыназ Алихъанрэ. АдэкIэ утыкум кърашащ Тэрч щIыналъэм и Дей къуажэм щыщ, 10-нэ классым щеджэ Джэурджий Иналрэ Дзэлыкъуэ щIыналъэм и Кичмалкэ къуажэм щыпсэу, 8-нэ классым щIэс Умаров Мухьэмэдрэ, Май щIыналъэм и Май къалэм щыщ Горбунин Романрэ Тэрч щIыналъэм и Урожайнэ къуажэм щыпсэу Къущхьэунэ Эльдаррэ, Iуащхьэмахуэ щIыналъэм хыхьэ Нейтринэ къуажэм щыщ Ризаев Албэчрэ Бахъсэн районым хыхьэ Ислъэмей къуажэм щыщ Къэжэр Астемыррэ, Бахъсэн щIыналъэм и Псыхъурей къуажэм щыщ Хъуран Къантемыррэ Прохладнэ щIыналъэм и Прохладнэ къалэм щыщ Носов Александррэ. ЩIалэхэр къытеувыIащ зыхэта Iуэхур ягу зэрырыдыхьам, курыт еджапIэм къыщыдэхуэкIэ зыгъэпсэхугъуэ зэманыр зэрагъэкIуам, щIыпIэ дахэхэм зыплъыхьакIуэ зэрыщыIам, унагъуэ Iуэхухэмкlи дэIэпыкъуэгъу зэрыхъуам, ныбжьэгъу куэд яIэ зэрыхъуам, бысымхэм я лъэпкъ шхыныгъуэхэр къазэрыщыхъуам, гъунэгъу лъэпкъхэм я гъащIэм, хабзэхэм щыщу къащIахэм, нэгъуэщIхэми. ЩIалэхэм я адэ-анэхэм псалъэ щратым жаIащ хьэщIапIэ щыIа я бынхэм бысымхэм я деж гулъытэ зэрыщагъуэтар, дяпэкIэ щIалэхэм я мызакъуэу, унагъуэкIи зэкIэлъыкIуэну зэрамурадыр. НыбжьыщIэхэм иратащ мы Iуэхум зэрыхэтам щыхьэт техъуэ сертификатхэмрэ саугъэтхэмрэ. Адэ-анэхэми фIыщIэ тхылъхэр тыгъэ хуащIащ.

- ПщIэ зыхуэтщI адэ-анэхэр, Iуэхум хэта щIалэхэр фызэрыцIыхуну, ныбжьэгъу фызэрыгъэхъуну, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм ящыщхэм зэхущытыкIэ дахэхэр фи зэхуаку къыдэхъуэну фыхунэсащ. «Зэныбжьэгъугъэ» Iуэхум хэтхэм хуабагъэрэ гуапагъэкIэ гъэнщIа, нэхъыжьыфIхэм къытхуагъэна лъапIэныгъэхэр - лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэр, хьэщIэм пщIэрэ гулъытэрэ хуэщIыныр зи лъабжьэ хабзэ дахэр - къагъэщIэрэщIэж, зым и псэукIэм, шхыныгъуэхэм адрейм зыщигъэгъуэзэнымкIи IэмалыфIщ, - жиIащ КъБР-м и Парламентым ЩэнхабзэмкIэ, граждан жылагъуэм зегъэужьынымрэ хъыбарегъащIэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщI Текуев Амырбий. - Iуэхум хэта щIалэхэм ар щхьэпэ зэрахуэхъунум, илъэс куэдкIэ я зэныбжьэгъугъэм зэрыпащэнум, къуэш пэлъытэ зэрызэрыгъэхъунум шэч къытесхьэркъым.

- Кавказым щыпсэу лъэпкъхэр зэгурыIуэрэ мамырыгъэрэ ди зэхуаку дэлъу, гъунэгъухэм я хабзэмрэ щэнхабзэмрэ пщIэ хуэтщIу дыкъызэдокIуэкI. «Зэныбжьэгъугъэ» Iуэху гуапэм зэрыпащэм мыхьэнэшхуэ иIэщ. Абы хэтахэр, ныбжьэгъуми къыщымынэу, благъэ фызэрызэхуэхъуар ди нэгу щIокI. ЩIалэгъуалэм дыфщогугъ ди хабзэ дахэр, лъапIэныгъэхэр фхъумэну. Зы щIыналъэм дызэрыщыпсэум и мызакъуэу, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм щыщхэм унагъуэ зэраухуэм и щапхъэ куэд диIэщ. Абы пыфщэну, фи гъащIэ псокIи къуэш пэлъытэу фызэхущытыну, фызэкIэлъыкIуэну, ехъулIэныгъэхэр фиIэну сынывохъуэхъу! Зэхыхьэм хэта щIалэхэми, фи адэ-анэхэми, ар къызэзыгъэпэщахэми фIыщIэ фхуэфащэщ, - жиIащ КъБР-м и прокуратурэм и Ветеранхэм я советым и унафэщI Мэшыкъуэ Хьэчим.

- Тхьэмахуэ ипэкIэ зэрыцIыхуа ныбжьыщIэхэм, унагъуэхэм я зэхущытыкIэ гуапэхэмкIэ нэрылъагъущ «Зэныбжьэгъугъэ-2026» Iуэхур къыхэзылъхьахэм я къалэнхэр къазэрехъулIар. Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсым хыхьэу, республикэм щыпсэу щIалэхэр щIыналъэм и нэгъуэщI къуажэхэмрэ къалэхэмрэ щыщ унагъуэхэм зэрыщыхьэщIам мыхьэнэшхуэ иIэщ. Iуэхур лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм, зэныбжьэгъугъэр гъэбыдэным хэлъхьэныгъэфI хуэхъуащ. Лъэпкъхэм ди зэкъуэтыныгъэр ди къару нэхъыщхьэу къонэж. Лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм щыщхэм унагъуэ зэраухуэм къыдэкIуэу, адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ унэцIэ куэд зэщхьу диIэщ. Фи ныбжьэгъугъэр кIыхь хъуну сынывохъуэхъу! - жиIащ КъБР-м и прокуратурэм и Ветеранхэм я советым хэт Мизиев Магомед.

Зэхыхьэ гуапэм хэтахэм я нэгу зрагъэужьащ уэрэджыIакIуэхэу Абэнокъуэ Альмирэ, Биев Аслъэн сымэ, Налшык къалэм ГъуазджэхэмкIэ и Сабий школ №1-м къафэхэмкIэ щапхъэу къалъыта и «Ровестница» ансамблым, лъэпкъ къафэхэмкIэ щапхъэу къалъыта «Зори Кавказа» ансамблым, нэгъуэщIхэми.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*



● Гу зылъытапхъэ

# Сакъыну къыхураджэ

КъБР-м щыIэ Оперативнэ штабыр республикэм щыпсэухэмрэ хьэщIэхэмрэ Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэшхуэмкIэ йохъуэхъу икIи абы къыхуреджэ набдзэгубдзаплъэу щытыну, террорым зыщыхъумэным хуэгъэза мардэхэм тетыну. ЦIыхухэм зыкъыфхуагъазэ:

- къызэрымыкIуэ щытыкIэм цIыхухэр хуэзышэнкIэ, шынагъуэ къызыпкърыкIынкIэ хъуну Iуэхугъуэхэр фымылэжь;

- фи автотранспортыр абы хухэха щIыпIэхэм деж щывгъэув;

- хьэпшып гуэрым е автомобилым дзыхь хуэвмыщIмэ, апхуэдэу теракт ирагъэкIуэкIыну ягъэхьэзыру, къагъауэ Iэмэпсымэхэр е Iэщэхэр яIыгъыу фыщыгъуазэмэ е, ялэжьыну щIэпхъаджагъэм хэтынкIэ хъуну зыгуэрым шэч хуэфщIмэ, хабзэхъумэ органхэм абыкIэ хъыбар икIэщIыпIэкIэ евгъащIэ;

- хабзэхъумэ IэнатIэхэм, апхуэдэуи цIыху куэд зыхэт зэхуэсхэр щекIуэкIым деж шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным зи лэжьыгъэр пыщIа нэгъуэщI къулыкъущIэхэм хабзэкIэ къыфхуагъэувхэр вгъэзащIэ.

Сыт хуэдэ Iуэхуми теухуауэ къаIэрыхьэ хъыбарыр нэгъэсауэ къапщытэнущ икIи цIыхухэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным ехьэлIа зыхуэфащэ Iуэхухэр зэфIахынущ.

КъБР-м щыIэ Оперативнэ штабым шынагъуэ къэзышэнкIэ хъуну Iуэхум теухуа хъыбарыр къызыпкърыкIар хэтми хэIущIыIу ищIынукъым, апхуэдэуи республикэм щыпсэухэм фIыщIэ яхуещI я лэжьыгъэр къазэрыгурыIуэм папщIэ.

***«Линэ пщтырым» и телефонхэр:***

Урысейм и ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм: 48-15-81 (дзыхь зрагъэз телефон);

КъБР-м щыIэ МВД-м: 40-49-10 (плъыр часть), 49-50-62 (дзыхь зрагъэз телефон);

УФ-м СледствэмкIэ и комитетым СледствэмкIэ и управленэу КъБР-м щыIэм - 77-64-22 (дзыхь зрагъэз телефон);

Урысейм и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм - 39-99-99 (плъыр часть).

***КъБР-м щыIэ Оперативнэ штаб.***

# Мы махуэхэм

**Накъыгъэм и 1,** *мэрем*

♦ **Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэшхуэщ**
♦ **1929 гъэм** Джылахъстэнейм псыщIэгъэлъадэр щаутIыпщащ.
♦ **1941 гъэм** Налшык сабий стадион къыщызэIуахащ.
♦ **1923 гъэм** къалъхуащ къэрал лэжьакIуэу, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIу 1969 - 1984 гъэхэм щыта **Къущхьэ КIыщыкъуэ**.
♦ **1934 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Урыс Мухьэзир**.
♦ **1939 гъэм** къалъхуащ хьэрычэтыщIэ, техникэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, Адыгэ Республикэм и Президенту щыта **Щэумэн Хьэзрэт**.
♦ **1942 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къалэ Владимир**.
♦ **1943 гъэм** къалъхуащ къэрал къулыкъущIэ, политик, жылагъуэ лэжьакIуэ **Нэхущ Заурбий**.
♦ **1955 гъэм** къалъхуащ къэбэрдей тхакIуэ **Емкъуж Мухьэмэд**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 15, жэщым градуси 7 - 9 щыхъунущ.

**Накъыгъэм и 2,** *щэбэт*

♦ **1920 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым япэ щэбэт щIыхьэху щекIуэкIащ.
♦ **1934 гъэм** Налшык Пионерхэм я унэ къыщызэIуахащ.
♦ **1922 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Урыс Хьэталий**.
♦ **1930 гъэм** къалъхуащ «Ленин гъуэгу» (иджы - «Адыгэ псалъэ») газетым и редактор нэхъыщхьэу щыта **ТIажь Пётр**.
♦ **1941 гъэм** къалъхуащ къэрал къулыкъущIэ, экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, УФ-м и Къэзыбж палатэм и япэ унафэщIу щыта **Къэрмокъуэ Хьэчим**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 9, жэщым градуси 4 - 6 щыхъунущ.

**Накъыгъэм и 3,** *тхьэмахуэ*

♦ **Печатыр зыми и унафэ щIэмытыным и дунейпсо махуэщ**
♦ **Дыгъэм и дунейпсо махуэщ**
♦ **1957 гъэм** КПСС-м и ЦК-мрэ СССР-м и Министрхэм я Советымрэ унафэ къащтащ колхозхэр совхозу зэхъуэкIыным теухуауэ.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 10 - 11, жэщым градуси 5 - 6 щыхъунущ.

**Накъыгъэм и 4,** *блыщхьэ*

♦ **1959 гъэм Налшык бжьамийкIэ газ къашэу щIадзащ**.
♦ **2010 гъэм** УФ-м и Президентым и УказкIэ Налшык къыфIащащ «Зауэ щIыхьым и къалэ» цIэ лъапIэр.
♦ **1943 гъэм** къалъхуащ УФ-м и цIыхубэ художник, Урысейм и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща **Шемякин (Къардэн) Михаил**.
♦ **1956 гъэм** къалъхуащ экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, РАЕН-м и академик, УФ-м щIыхь зиIэ и экономист **Щауэжь Хьэсэнбий**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 11 - 12, жэщым градуси 8 - 9 щыхъунущ.

***Къытхэхъуащ***

Къэбэрдей-Балъкъэрым дыгъуасэ къыщалъхуащ сабий 26-рэ. Абыхэм ящыщу 13-р хъыджэбз цIыкIущ, 13-р щIалэщ.

Мэлыжьыхьым зэрыщIидзэрэ щIыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 699-рэ, илъэсым и пэщIэдзэм щегъэжьауэ 3003-рэ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ**.

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Гуащэм и хабзэр нысэм и бзыпхъэщ.**

# ЗэфIэкI лъагэ зыбгъэдэлъщ ди ныбжьыщIэхэр

**УФ-м ФедерацэмкIэ и Советым ЩIэныгъэмкIэ, егъэджэныгъэмрэ щэнхабзэмкIэ и комитетым и нэIэм щIэту мы зэманым ди къэралым щокIуэкI ШколакIуэхэм я урысейпсо олимпиадэр. УнэтIыныгъэ куэду зэщхьэщыха а Iуэхугъуэ купщIафIэм жыджэру хэтщ ди республикэм и ныбжьыщIэхэри. Къэралпсо зэпеуэм ехьэлIа лэжьыгъэ псори ди щIыналъэм къыщызэрегъэпэщ Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым.**

ИДЖЫБЛАГЪЭ зэфIэкIащ ШколакIуэхэм я урысейпсо олимпиадэм хэту ди университетымрэ Аммосов Максим и цIэр зезыхьэ Ищхъэрэ-КъуэкIыпIэ федеральнэ университетымрэ (Саха (Якутие Республикэ), Якутск къалэ) лъэпкъыбзэхэмрэ литературэхэмкIэ зэдрагъэкIуэкI зэпеуэм и зи чэзу Iыхьэр. Псори зэгъусэу къапщтэмэ, а олимпиадэм хэтащ Урысей Федерацэм и щIыналъэ 72-м ящыщ ныбжьыщIэхэу 8-11-нэ классхэм щIэсхэр. ЕджапIэ нэхъыщхьэу мы Iуэхум 37-рэ хэша хъуащ. Урысей Федерацэм ЕгъэджэныгъэмкIэ и министерствэм иригъэкIуэкI олимпиадэхэм хиубыдэ а зэпеуэм щытекIуэ ныбжьыщIэхэм IэмалыфI куэд къарет ябгъэдэлъ щIэныгъэм адэкIи хагъэхъуэнымкIэ:

- УФ-м и еджапIэ нэхъыщхьэхэм зэрыщIэтIысхьэ гъэунэхуныгъэхэм хэмыту унэтIыныгъэ зыбжанэм лъэпощхьэпоуншэу пхыкIыфынущ (педагогикэмрэ филологиемрэ IэщIагъэу къыхихамэ);
- УрысыбзэмкIэ ЕГЭ-м балл 75-рэ къыщихьыфмэ, олимпиадэм зэрыщытекIуар халъхьэжри, балли 100 къэзылэжьам халъытэ;
- урысыбзэмкIэ балл 75-рэ къимылэжьыфауэ щытми, еджапIэ нэхъыщхьэ щыщIэтIысхьэкIэ, университет къэс езым игъэувыжа балл бжыгъэр хухалъхьэнущ. Псалъэм папщIэ, Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым адыгэбзэмрэ литературэмрэ IэщIагъэу къыхэзыххэм хущIагъу 1-нэ увыпIэр къэзыхьам балли 10; 2-нэ, 3-нэ увыпIэхэм щыщ къэзылэжьыфахэм балли 5 хущIагъу.

Олимпиадэм и дипломхэм, ЕГЭ-м хуэдэу, къару яIэщ илъэсиплIкIэ. Абы къыхэкIыу, псалъэм папщIэ, 8-нэ классым щIэс еджакIуэм а илъэсым олимпиадэм увыпIэфI къыщыхуэхьамэ, абы щыхьэт техъуэ сертификатыр къалъытэнущ, ныбжьыщIэм курыт еджапIэр къиуха нэужьи.

Олимпиадэр Iыхьитху ирагъэкIуэкIащ: япэр (къызэрыхахыр) онлайн щIыкIэм тету щэкIуэгъуэ мазэм къыщыщIэдзауэ щIышылэм ику пщIондэ екIуэкIащ. Абы къриубыдэу еджакIуэхэр олимпиадэм и сайтым хыхьэурэ къыхуагъэлъагъуэ лэжьыгъэхэр ящIащ. ЕтIуанэ Iыхьэр (кIэухыр) лэжьыгъэр къызэзыгъэпэща еджапIэ нэхъыщхьэм (ди дежкIэ КъБКъУ-м) и утыкум щекIуэкIащ.

«Къэбэрдей-шэрджэсыбзэмрэ литературэмкIэ» олимпиадэм мы гъэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм я школакIуэ нэхъыжьхэу 295-рэ. Абыхэм ящыщу кIэух Iыхьэм нэсыфащ еджакIуи 131-рэ. Абыхэм ягъэзэщIа лэжьыгъэхэр набдзэгубдзаплъэу къапщытащ олимпиадэм къыхузэрагъэпэща гуп щхьэхуэм. Абы къызэригъэлъэгъуамкIэ, диплом зэмылIэужьыгъуэхэр къахуэхьащ лэжьыгъэхэр къызыхуэтыншэу зыгъэзэщIэфа еджакIуэ 23-м. Абыхэм ящыщу 13-р Къэбэрдей-Балъкъэрым,10-р Къэрэшей-Шэрджэсым щыщ школакIуэхэщ.

Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым мэлыжьыхьым и 27-м щагъэлъэпIащ увыпIэ лъагэхэр къэзыхьа еджакIуэхэмрэ ахэр зыгъэхьэзыра егъэджакIуэхэмрэ. НыбжьыщIэхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ ехъуэхъуу, абыхэм псалъэ гуапэкIэ зыхуагъэзащ КъБКъУ-м и Социальнэ-гуманитар институтым и унафэщIхэм, егъэджакIуэхэм. ЗэIущIэр езыгъэкIуэкIа адыгэбзэмрэ литературэмрэ кафедрэм и унафэщI Къардэн Мусэдин къыхигъэщащ олимпиадэм къыхыхьэхэр илъэс къэскIэ нэхъыбэ хъуурэ зэрекIуэкIыр зэригуапэр. Къапщтэмэ, 2024 гъэм абы хэтащ еджакIуи 198-рэ, 2025 гъэм - 221-рэ, 2026 гъэм - 285-рэ. ЕджакIуэхэмрэ абыхэм я егъэджакIуэхэмрэ адэкIи ехъулIэныгъэхэр яIэну ехъуэхъуа нэужь, Къардэным псэлъапIэр хуит хуищIащ КъБКъУ-м и Социально-гуманитар институтым и унафэщI Тэмазэ Муслъим.

- Адыгэбзэм и пщIэр къэIэтынымкIэ, тхыбзэм гулъытэ хэха хуегъэщIынымкIэ, лъэпкъым щыщхэм анэдэлъхубзэмкIэ ябгъэдэлъ щIэныгъэр егъэфIэкIуэнымкIэ, щэнхабзэр хъумэнымкIэ олимпиадэм, шэч хэмылъу, мыхьэнэшхуэ иIэщ, - жиIащ абы. - Хуабжьу сыщогуфIыкI икIи срогушхуэ анэдэлъхубзэхэмкIэ къэралпсо зэпеуэм и утыку ихьэ ныбжьыщIэхэм я бжыгъэм хэхъуэ зэпыту зэрекIуэкIым. Абы къегъэлъагъуэ лъэпкъым къытщIэхъуэ щIэблэр хэкупсэу къызэрытэджыр, ди бзэр хъума зэрыхъур, анэбзэм ирипсалъэхэм, пщIэ хуэзыщIхэм зэрыхэмыщIыр. Фэри фощIэ: бзэр щымыIэжмэ, лъэпкъри мэкIуэдыж. ЕфIэкIуэныгъэ, ехъулIэныгъэ, зыужьыныгъэ зиIэн лъэпкъ уардэу дапщэщи дыщытыну, текIуэныгъэщIэхэр дяпэкIи зыIэрывгъэхьэну, фи мурад дахэхэм фалъэIэсыну, ныбжьыщIэхэ. Си гуапэу сохъуэхъу ехъулIэныгъэ лъагэхэм фахуэзыша фи егъэджакIуэ Iэзэхэми икIи фIыщIэ ин абыхэми яхузощI.

Тэмазэм и псалъэм пищэу адэкIэ ныбжьыщIэхэм захуигъэзащ университетым Профориентацэ лэжьыгъэмкIэ и къудамэм и унафэщI Тхьэзэплъ ФатIимэ. Олимпиадэм текIуэныгъэ къыщызыхьа еджакIуэхэмрэ абыхэм я егъэджакIуэхэмрэ гуапэу ехъуэхъуа нэужь, Тхьэзэплъым жиIащ КъБКъУ-м и бжэхэр сыт щыгъуи еджакIуэхэм папщIэ зэрызэIухар.

- Сыт хуэдэ IэщIагъэ къыхэфхыу щытми, ди еджапIэм абы ехьэлIауэ щIэныгъэ куу щызэвгъэгъуэтыфынущ, - къыхигъэщащ Тхьэзэплъым. - Фызыхэта, текIуэныгъэ къыщыфхьа урысейпсо олимпиадэм и гугъу пщIымэ, сропагэ зи анэдэлъхубзэр фIыуэ зылъагъу, абы хуэшэрыуэ, абы епха IэщIагъэ гъащIэ гъусэ зыщIыну щIалэгъуалэ зэрыдиIэм. Фи гум щывгъафIэ хъуэпсапIэ псори нахуапIэ хъуну, ныбжьыщIэхэ!

КъБКъУ-м Адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и кафедрэм и лэжьакIуэхэри гуапэу ехъуэхъуащ Iуэхур зытещIыхьа ныбжьыщIэхэм. АдэкIэ Iэгуауэшхуэм щIэту еджакIуэхэр ягъэлъэпIащ. Абыхэм иратыжащ олимпиадэм зэрыщытекIуам щыхьэт техъуэ тхылъхэр, медалхэр, университетым яхуигъэхьэзыра саугъэт лъапIэхэр. Ищхъэрэ-КъуэкIыпIэ федеральнэ университетымрэ КъБКъУ-мрэ я щIыхь тхылъхэр хуагъэфэщащ школакIуэхэр зэпеуэм хуэзыгъэхьэзыра егъэджакIуэхэми.



Апхуэдэу зэхуэсым щагъэлъэпIахэм ящыщщ 8-нэ классым щеджэ ФиIэпщэ Дамир (егъэджакIуэр Тэркъан Натальещ, Акъбащ Ипщэ); 9-нэ классым щIэсхэу КIущ Данитэрэ (егъэджакIуэр Хьэкъун Радимэщ, Аруан къуажэ) Шыгъушэ Лилианэрэ (егъэджакIуэр Дэхъу Ритэщ, Налшык дэт курыт еджапIэ №26); 10-нэ классым щыщхэу Кумыщ Данэ (егъэджакIуэр Къармэ Мадинэщ, Шэджэм къалэм дэт курыт еджапIэ №1), Мамбэт Лалинэ (егъэджакIуэр КъуэщIысокъуэ Мадинэщ, Къулъкъужын Ипщэ), Уэзрокъуэ Динарэ (егъэджакIуэр УнэлIокъуэ Вячеславщ, «ДыгъафIэ къалэ» сабий зэчиифIэхэм я академие), Сунш Даринэ (егъэджакIуэр Шырыкъу Заремэщ, Аргудан къуажэм дэт курыт еджапIэ №3), Улбаш Аделинэ (егъэджакIуэр Къармэ Мадинэщ, Шэджэм къалэм дэт курыт еджапIэ №1), Хъаничэ Даянэ (егъэджакIуэр Шырыкъу Заремэщ, Аргудан къуажэм дэт курыт еджапIэ №3), Хъусин Данэ (егъэджакIуэр Нэгуэр Iэминатщ, Куба къуажэм дэт курыт школ №2); 11-нэ классым и еджакIуэхэу Гъуэныбэ Лалинэ (егъэджакIуэр Тэркъан Натальещ, Акъбащ Ипщэ), Гумэ Камилэ (егъэджакIуэр Шыд ФатIимэщ, Псыгуэнсу къуажэм дэт курыт школ №2), ТхьэилI Эллинэ (егъэджакIуэр Тэркъан Натальещ, Акъбащ Ипщэ).

ЗэIущIэм и кIэухым Къардэн Мусэдин гуапэу ехъуэхъуащ щIыналъэм и егъэджакIуэ пашэхэм икIи фIыщIэ ин яхуищIащ анэдэлъхубзэр хъумэным, зегъэужьыным, а фIыгъуэр къытщIэхъуэ щIэблэм яIурылъу, фIыуэ ялъагъуу къэгъэтэджыным хуэунэтIауэ абыхэм зэфIах лэжьыгъэшхуэм папщIэ. Дэри ди гуапэу дохъуэхъу урысейпсо зэпеуэм щIэныгъэ куурэ зэфIэкI лъагэрэ къыщызыгъэлъэгъуа ныбжьыщIэхэм. Фи насып нэхъыбэ хъуну, лъэпкъым и бын пажэхэ. ФэркIэ догушхуэ!

**ЖЫЛАСЭ Маритэ**.

# И гуащIэм зэи еблэжакъым

**Безыр Ленэ къызэригъэпэщауэ Лъэпкъ библиотекэм лъахэхутэмкIэ и къудамэм щекIуэкIащ бзэщIэныгъэлI, тхакIуэ, усакIуэ, узэщIакIуэ Елбэд Хьэсэн къызэралъхурэ мы гъэм илъэси 140-рэ зэрырикъум хухаха литературэ пшыхь. Ди республикэм егъэджэныгъэм теухуауэ куэд щызылэжьа щIэныгъэлIыр тIэунейрэ хахауэ щыташ Совет Нэхъыщхьэм и депутату. «ГуащIэдэкIым папщIэ», «Бэракъ Плъыжь» дамыгъэхэр къыхуагъэфэщащ, «КъБАССР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ», «КъБАССР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ» цIэ лъапIэхэри къыфIащауэ щыташ.**

КЪУДАМЭМ плIанэпэ дахэ щыхуащIащ Елбэдым и литературэ лэжьыгъэхэр, балигъхэмрэ сабийхэмрэ яхуиусахэр, и гукъэкIыжхэр, тхыгъэ зэридзэкIахэр зэрыт журналхэр, газетхэр, тхылъхэр щызэхуэхьэсауэ. Щхьэхуэу къэгъэлъэгъуат адыгэбзэр зэрырагъэдж тхылъхэр.

ЩIэныгъэлIым и гъащIэ гъуэгум, егъэджэныгъэм теухуауэ илэжьахэм, и литературэ щIэиным, езым щхьэкIэ ятхахэм тепсэлъыхьащ пшыхьыр езыгъэкIуэкIа Безыр Ленэ. Абыхэм яхэтт Свифт Джонатэн и «Гулливер лиллипутхэм я хэкум» тхылъыр Елбэдым адыгэбзэкIэ зэридзэкIауэ, (1959 гъэ), сабийхэм папщIэ итха «Таурыхъхэр» (1960 гъэ). Нало Заур къыдигъэкIыжауэ щыта «Этюды по истории культуры адыгов» тхылъым щытопсэлъыхь щIэныгъэлIым и лэжьыгъэхэм, къыщыхьащ и тхыгъэхэм. Ленэ хьэщIэхэм яригъэлъэгъуащ Елбэдым теухуауэ ягъэхьэзыра литературэ плIанэпэм и полкэхэм телъ тхылъхэмрэ журналхэмрэ, къеджащ балигъхэм, сабийхэм папщIэ и усэхэм ящыщхэм.

- ЕгъэджакIуэ, щIэныгъэлI, тхакIуэ IэщIагъэхэм къыщигъэлъэгъуа зэфIэкI къызэрымыкIуэм папщIэ Елбэд Хьэсэн къыхуагъэфэща дамыгъэ лъапIэхэр щыхьэт тохъуэ ар и гуащIэм зэи зэремыблэжам, щIэныгъэм щхьэузыхь зэрызыхуищIам, - жиIащ Ленэ.

Пшыхьым къэрагъэблэгъащ икIи Лъэпкъ библиотекэм къыбгъэдэкI щIыхь тхылъхэр хуагъэфэщащ адыгэбзэмкIэ егъэджакIуэхэу Жыкъуэ Соня, Къагъырмэс Анетэ, Кълыш Алёнэ сымэ. Библиотекэм и лъахэхутэ къудамэмрэ курыт еджапIэхэмрэ зэпыщIащ - илъэс епщIанэ хъуауэ Безыр Ленэ а егъэджакIуэхэм ядолажьэ щIэблэр гъэсэным, тхылъым дегъэхьэхыным теухуауэ.

ЕгъэджакIуэхэм къыхуагъэфэща пщIэр фIыщIэ ящIащ, зи щIыхькIэ литературэ Iуэху дахэр къызэрагъэпэща егъэджакIуэ, щIэныгъэлI щэджащэм и лэжьыгъэхэр цIыхубэм ялъытэну, щIэблэр абыхэм щыгъуэзэну зэрагуапэр жаIащ.

*Тхыгъэри сурэтри* **ГУГЪУЭТ Заремэ** *ейщ.*



*Сурэтым:* адыгэбзэмкIэ егъэджакIуэхэу **Жыкъуэ Соня**, **Къагъырмэс Анетэ**, **Кълыш Алёнэ**.

# Пшынэбзэ дахэр зи тыгъэ

Пшыхьхэр



**КъБР-м и Музыкэ къэрал театрым пшыхь гуапэ щекIуэкIащ. Ар теухуауэ щытащ КъБР-м и цIыхубэ артист, лъэпкъ щэнхабзэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIа, адыгэ пшынэм и щэхухэм щIалэгъуалэ бжыгъэншэм лъагъуныгъэ хуезыгъэщIа Къуэдз Iэбубэчыр Хъусен и къуэр къыщалъхуа махуэм. Пшыхьыр къызэригъэпэщащ КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм.**




КОНЦЕРТЫР къызэIуахащ Къуэдзхэ я къафэкIэ. ЭкранымкIэ къагъэлъэгъуащ Iэбубэчыр «Кабардинка» ансамблым щыщылэжьам трахауэ щыта нэтынхэм щыщ.

КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин къыщыпсалъэм къыхигъэщащ макъамэ гъуазджэм зи псэр ета Къуэдз Iэбубэчыр ныбжьыщIэ бжыгъэншэхэр пшынэм зэрыхуигъэсар, абыхэм ди республикэми нэгъуэщI щIыпIэхэми щэнхабзэм хэлъхьэныгъэ зэрыщыхуащIыр. Министрым Iэбубэчыр саугъэткIэ хуэупсэри, насып, гуфIэгъуэ, ехъулIэныгъэ, узыншагъэ щымыщIэну ехъуэхъуащ.

Къуэдз Iэбубэчыр псалъэ дахэ хужаIащ республикэм и министерствэхэм, къалэ, къуажэ администрацэхэм, Дунейпсо Адыгэ Хасэм я лIыкIуэхэм, «Кабардинка» къэфакIуэ ансамблым Iэбубэчыр къыщыдэлэжьахэм ящыщхэм, «Нал цIыкIу» ансамблым и художественнэ унафэщI Куэшей Алик, пшынауэ цIэрыIуэхэу Сэхъу Хьэсэн, Бер Мадинэ, усакIуэ Зэгъэщтокъуэ Людэ, нэгъуэщIхэми. Къэпсэлъахэм къыхагъэщащ Iэбубэчыр лъэпкъ пшынэмкIэ зэфIэкIышхуэ зэриIэр, ар щIыпIэ куэдым къызэрыщацIыхур, зыхуэбгъадэ хъун щымыIэ и макъамэхэр адыгэ, урыс щэнхабзэхэм я IыхьэфI зэрыхъуар, егъэджакIуэ, гъэсакIуэ Iэзэу зэрыщытыр. Къуэдз Iэбубэчыр иратыжащ «Къулъкъужын Ищхъэрэ къуажэм щIыхь зиIэ и цIыху» щIыхьыцIэр къызэрыхуагъэфэщам щыхьэт техуэ тхылъыр, нэгъуэщI щIыхь тхылъхэр, саугъэтхэр.

Лъэпкъ пшыналъэм лъагъуныгъэ мыкIуэщI хузиIэ, пшынэм и бзэри и псэри зыхэзыщIа, адыгэ щэнхабзэ щIэинхэм я хъумакIуэ, ар дунейпсо лъагапIэхэм щызыIэт Къуэдз Iэбубэчыр и цIэр ди республикэм и мызакъуэу, нэгъуэщI щыпIэхэми щыцIэрыIуэщ. Пшыхьыр езыгъэкIуэкIа журналист, блогер Джэдгъэф Беслъэнрэ ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артисткэ Чыхумахуэ ФатIимэрэ зэхуэсахэм ягу къагъэкIыжащ Iэбубэчыр и гъащIэмрэ гуащIэмрэ.

Бахъсэн куейм хыхьэ Къулъкъужын Ищхъэрэ къуажэм 1944 гъэм мэлыжьыхьым и 25-м къыщалъхуащ Къуэдз Iэбубэчыр. Къуажэ еджапIэр къиуха нэужь, Iэбубэчыр и цIэр нэхъ къраIуэ хъуащ. ЗэрыцIыкIурэ зыхилъхьэ щымыIэ, пшынэм фIэкIа нэгъуэщI плъапIэ зимыIэ щIалэ цIыкIум а Iэмэпсымэм еуэфу, макъамэхэр къригъэкIыфу зригъэса нэужь, 1964 гъэм Бахъсэн куейм и пшынауэхэм я зэпеуэм щытекIуащ икIи щIыхь тхылъ къыхуагъэфэщащ. Агитбригадэхэм я зэпеуэу Зеикъуэ щекIуэкIам Къуэдзыр зыдэлажьэ гупым япэ увыпIэр къыщихьри, Москва къыщызэрагъэпэща союзпсо зэпеуэм и гъэлъэгъуэныгъэм хэтыну ягъэкIуауэ щытащ, Зеикъуэ къуажэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм и унафэщIу лэжьа, уэрэдус Щомахуэ Хьэсэнбийрэ 11-нэ классым щIэс, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэу куэдрэ лэжьа ХьэфIыцIэ Мухьэмэдрэ я гъусэу. Iэбубэчыр игу къинэжащ абы щыгъуэ зыдэлэжьа, и чэнджэщэгъуфIу щыта уэрэдус, усакIуэ Бахъуэ БетIал. А зэманым Къуэдзыр Бахъсэн, Кыщпэк, Зеикъуэ къуажэхэм дэт щэнхабзэмкIэ унэхэм щылэжьащ. Пшынэ еуэныр зи псэм хэлъ Iэбубэчыр щапхъэ зытрихын и мащIэтэкъым. Апхуэдэхэт, и къуажэгъу пшынауэ цIэрыIуэхэу ПщыхьэщIэ Мухьэжыр, Къуэдз ТIамышэ (и нысэт), Къуэдз Дзадзунэ (и шыпхъу), Къущхьэ Быцэ, Ездэч Лидэ сымэ. А зэманым Iэбубэчыр радиокIэ зэдэIуэн фIэфIу щыта пшынауэхэм ящыщщ Къашыргъэ КIурацэ, БырмамытI Гуащэкъарэ, ДыщэкI ФатIимэт, ТIэш Лакушкэ, Тенджыз НэIиб, Борий Линэ. 1965 гъэм Къуэдзыр ирагъэблэгъащ «Кабардинка» къэрал ансамблым. Куэдым ягу дыхьэ, дуней псом фIыуэ ялъэгъуа а гуп Iэзэр 1987 гъэ пщIондэ къигъэфащ. А зэманым Iэбубэчыр ядэлэжьащ пшынауэхэу ДыщэкI ФатIимэт, Уэрэзей Лидэ, накъырапщэ Ашуров Падацур, бэрэбэнауэхэу Алохэ ПIотIэ, Руслан, Арсен сымэ. Къэрал 44-м щыIащ Iэбубэчыр гупым я гъусэу. «Кабардинка» ансамблым щыщылэжьа зэманым Къуэдзым и пшыналъэхэр радиом щригъэтхауэ щытащ. Къуэдзым и пшыналъэхэр зытет грампластинкитху нэхъ иужьыIуэкIэ къыдэкIащ. 1987 гъэм щыщIэдзауэ 2001 гъэ пщIондэ Iэбубэчыр къигъэфащ Куэшей Алик зи художественнэ унафэщI, щапхъэу къалъыта «Нал цIыкIу» сабий ансамблыр. Сабий творчествэмкIэ республикэ унэм и унафэщI Къалмыкъ Кларэ и жэрдэмкIэ, 1994 гъэм къэунэхуащ Къуэдз Iэбубэчыр зи художественнэ унафэщI «Макъамэ» сабий пшынауэ ансамблыр. 1995 гъэм гупым къыфIащащ «КъБР-м и цIыхубэ ансамбль» щIыхьыцIэр, 2005 гъэм ансамблыр щапхъэу къалъытащ. Iэбубэчыр езым итхыжа пшыналъэ зыбжанэ иIэщ. Апхуэдэхэщ «Удж», «Удж пыху», «Пасэрей къафэ», «Хъыджэбз къафэ» жыхуиIэхэр. Къуэдзым лъэпкъ щэнхабзэм, гъуазджэм хуищIа хэлъхьэныгъэфIхэр къалъытэри, 1979 гъэм «КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр къыфIащащ.

Мы пшыхьым къыщыпсэлъащ икIи я къуэшым ехъуэхъуащ Къуэдзхэ я нэхъыжьхэм ящыщхэр. Узыншагъэ иIэу лъэпкъыр дяпэкIи иIэтыну, гъуазджэм хуэлэжьэну, и IэщIагъэм республикэр куэдрэ иригушхуэну зэрахуэхъуапсэр жаIащ. Пшыхьыр къызэзыгъэпэщахэмрэ абы зыкърезыгъэхьэлIахэмрэ фIыщIэ хуащIа нэужь, Iэбубэчыр япэу хуагъэфэщащ Къуэдзхэ я лъэпкъ дамыгъэр.

Пшыхьыр ягъэдэхащ уэрэджыIакIуэхэу Хьэрэдурэ Динэ, Аслъэн Iэсият, ДыщэкI Артур, ШыкIэбахъуэ Ислъам, Уэзрокъуэ Чэрим, Мэремыкъуэ Резуан, Щокъуий Мурат, Шагъыр Асир, ГъукIэ Анатолэ, Дау Iэминэ, пшынауэхэу Къасым Рустам, Увыж Мурат, Гуэнгъэпщ Артур, Къуэдз Залым, макъамэ IэмэпсымэхэмкIэ «Арщыдан» ансамблым (художественнэ унафэщIыр Къуэдз Iэбубэчыр и гъэсэн БатIу Астемырщ), «Нал цIыкIу» ансамблым, нэгъуэщIхэми.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*



КIэщIу

## Ухуэныгъэ IэнатIэр йофIакIуэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и ухуэныгъэ IэнатIэр иужьрей илъэсхэм ефIакIуэ зэпытщ. ЖыпIэнурамэ, 2022 гъэм республикэм щрагъэкIуэкIащ ухуэныгъэ лэжьыгъэу сом мелард 34,5-рэ и уасэ икIи абы ипэ ита илъэсым яхуэзэфIэкIам нэхърэ процент 18,2-кIэ нэхъыбэщ ар.**

2023 ГЪЭМ щыIа хэхъуэр нэхъыбэж хъуащ: сом мелард 37,9-рэ. Ари проценти 5,9-кIэ нэхъыбэщ абы ипэ ита илъэсым къагъэлъэгъуа бжыгъэхэм елъытауэ.

КъыкIэлъыкIуэ илъэсхэми КъБР-м и ухуэныгъэ IэнатIэм ехъулIэныгъэфIхэр къигъэлъагъуэ зэпытщ: 2024 гъэм сом мелард 43,6-рэ (проценти 7,2-кIэ), 2025 гъэм сом мелард 45,8-рэ (проценти 2-кIэ).

2026 гъэм и япэ мазищым къэдгъэлъагъуэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым ухуэныгъэ лэжьыгъэу щрагъэкIуэкIам и куэдагъым проценти 4-м нэблагъэкIэ хагъэхъуащ нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм елъытауэ - сом меларди 3,6-рэ и уасэ.

## Къуажэдэс IэщIагъэлIхэм я гулъытэ

**Дызэрыт илъэсым зэрыщIидзэрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуажэхэм узыншагъэр хъумэнымкIэ, щэнхабзэмкIэ, егъэджэныгъэмкIэ, физкультурэмрэ спортымкIэ, ветеринариемкIэ, нэгъуэщI социальнэ IуэхущIапIэхэм я IэщIагъэлIхэм, апхуэдэу абыхэм щылэжьа пенсионерхэм социальнэ дэIэпыкъуныгъэу е нэгъуэщI Iуэхугъуэхэм хуэунэтIауэ мазэ къэс ират ахъшэм и куэдагъыр сом мелуан 46,2-м щIигъуащ.**

ЖЫПIЭНУРАМЭ, а пIалъэм къриубыдэу ахъшэр яIэрыхьащ цIыху 10330-м нэблагъэм, абыхэм ящыщу 8418-р - егъэджакIуэ.

Мазэ къэс социальнэ ахъшэ зратхэм зыхагъэхуэн папщIэ, къуажэдэсхэм я лъэIухэмрэ дэфтэрхэмрэ МФЦ-м яхьын е цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжынымкIэ щIыналъэхэм щыIэ къулыкъухэм зыхуагъэзэн хуейщ. Ауэ, апхуэдэ къэрал гулъытэ абыхэм ирагъэгъуэтын папщIэ ахэр илъэсипщI нэхърэ мынэхъ мащIэкIэ къуажэм щыпсэуауэ щытыпхъэщ.

## Зэхьэзэхуэр зи лъабжьэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымрэ хэт и IуэхущIапIэхэм (МСП) я бжыгъэм къыхэхъуэ зэпытщ. ЖыпIэнурамэ, нобэкIэ ахэр мин 24,9-м нызэрыхьэсащ икIи нэгъабэ щыIа бжыгъэхэм нэхърэ проценти 6-кIэ нэхъыбэщ.**

РЕСПУБЛИКЭМ хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымрэ хэт и IуэхущIапIэхэм, уней IуэхущIапIэхэмрэ я щхьэ хуэлэжьэжыну зезыгъэтхахэмрэ яхэту, пэрыт цIыху бжыгъэр мини 115,6-м щIегъу. Абыхэм къагъэсэбэп худэчых зыхэт налог Iэмалхэр икIи 2026 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м ирихьэлIэу сом мелуан 541-рэ налогыу ягъэкIуащ. Нэгъабэ яхуэзэфIэкIам нэхърэ процент 16-кIэ нэхъыбэщ ар.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, «Зэхьэзэхуэр зи лъабжьэ экономикэ лъэщ» лъэпкъ пэхуэщIэм и къалэн нэхъыщхьэр хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымрэ зэрызаужьын Iэмалхэр къахуэзэгъэпэщынымрэ абыхэм защIэгъэкъуэнымрэщ.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**




● ЦІыкІухэм факъыхуеджэ

# ГугъапІэ

Дерсыр сщІыжу сыздэщысым Іэуэлъауэ гуэр зэхызох. Сысакъыпэурэ сызэплъэкІмэ, и нэ хъурей цІыкІуитІыр къицІыщхъукІыу, дурэшым дэсщ зы дзыгъуэ цІыкІу, сэхуран еІункІри.

Ар зэрыслъагъуу, си гум, къилъэтыным хуэдэу, къеуэу щІедзэ. Хуэм дыдэурэ зыкъэсІэтщ, зэуэ зыздзри, бжэр ездзылІэри сыкІэрыувэжащ.

Дзыгъуэми зищтэри бжэмкІэ къыщІэпхъуащ, ауэ сэ сыкъилъагъури, гъуэлъыпІэ щІагъым щІэлъэдащ. ТІэкІу зиІэжьэри, абыи къыщІэжыжащ, арщхьэкІэ сызэрыщытт - игъазэри аргуэру щІэлъэдэжащ. Абы зыщигъэпщкІу хъуну зы гъуанэ цІыкІу ди пэшым иІэтэкъым. Сэ ар сщІэрти, мамыру сыщытт, адэкІэ сщІэнум сегупсысу...

Сегупсысым-сегупсысурэ, сигу къэкІар апхуэдизкІэ сигу ирихыжати, сэ сыарэзыуэ сыкъыпыгуфІыкІащ икІи, си щэхур къэзыщІэн гуэр гъунэгъуу щымыту пІэрэ жыхуэсІэу, зысплъыхьащ, ауэ пэшым сэ нэмыщІа зыри щІэстэкъым.

Сигу къэкІар мырат: «Сеуэнщи, дзыгъуэ цІыкІур сутІыпщыжынщ. Здэжэр зэзгъэлъагъунщи, дыдейхэр къэкІуэжмэ, яжесІэнщ. Дзыгъуэ щыдиІэкІэ, джэдуи диІэн хуейщ, армырамэ, хэт дзыгъуэр къэзыубыдынур? Джэдур Зули, сэри ди хъуэпсапІэт. Ауэ, дэ сыт хуэдизрэ демылъэІуами, ди анэм ауэ жыжьэу дызытригъэхьэртэкъым.

Арати, а къомым сегупсысри, дзыгъуэ цІыкІум зыгуэр къыщыщІынкІэ сышынэу, бжэр Іусхащ. Гъуэгур хуит хъуауэ зэрилъагъуу, ар щІэцІэфтри, кладовкэм зыдидзэжащ.

Махуэ псом сэ сегупсысащ, ди анэр къэкІуэжа нэужь, дзыгъуэ зэрыдиІэр зэрыжесІэну щІыкІэм. Абы щхьэкІэ сызэрыгуфІэм гу къылъатэмэ, Іуэхур зэІыхьат.

Пщыхьэщхьэм, ди адэр къызэрыщІыхьэжу, сыбгъэдэлъадэри, махуэм дзыгъуэ зэрыслъэгъуар жесІащ, ауэ джэду Іуэху зесхуакъым...

- Дэнэ дзыгъуэ къыздикІар? - щІэупщІа мыхъумэ, абы сэ жысІа къомыр къыфІэІуэхуакъым.

Сэри, си мурадым зыри къызэримыкІар щхьэжэ сщыхъуауэ, зызущэхужащ.

Ауэрэ заул дэкІащ. Махуэ гуэрым ди адэм, зыгуэр хуейуэ кладовкэбжэр Іуихри, хужьгъэр зэрылъ тепщэч куум Ісу дзыгъуэ цІыкІу къилъэгъуащ.

- Уэлэхьэ, щІалэ, пэж дыдэу, дзыгъуэ диІэмэ, - жиІащ абы. - КІуэи шэнт щхьэгуэр къысхуэхьыт. ДеплъынтІи абы и хэщІапІэм...

Сэ сыжэри шэнтыр къэсхьащ. Дядэм кладовкэр къыдигъэкъэбзыкІри, дзыгъуэр къиубыдащ. Ар иукІауэ щыхыфІидзэм, сэ жысІащ:

- Си гугъапІэ закъуэр... Абы сыт хуэдэу сыщыгугъат.

- Ар сыт гугъапІэ? - КъыгурыІуакъым дядэм сэ зи Іуэху зесхуэр.

Абдежым сэ зызумысыжащ.

Ди адэм зыри жиІакъым, къыпыгуфІыкІа мыхъумэ. Ауэ махуэ зытІущ дэкІри, езым джэду дахэ цІыкІу къытхуихьащ...

**КІУАНТІЭ Іэзид.**

● Шхыныгъуэхэр

# Зэпкърымыхауэ гъэжьа гуэгушыл

Гуэгушыр ягъэкъабзэри, псы щІыІэкІэ фІыуэ ятхьэщІ. Щхьэри, лъакъуэхэри, нэгэгъури, тхьэмщІыгъури зыхуей хуагъазэ. Гуэгушылми, и кІуэцІфэцІми шыгъу щахуэ, фІыуэ хагъэхьэу. ИтІанэ ар дагъэ къэплъа зэрыт тебэшхуэм иралъхьэ, и щІыбыр егъэзыхауэ, кІуэцІфэцІри щІыгъуу.

Гуэгушылым и щхьэфэм шатэ щахуэ, псы пщтыр тІэкІу щІакІэри, хьэкулъэкІэ ягъажьэ сыхьэтитІ хуэдэкІэ. ЩыжьэкІэ езым къыщІэж псыри, шати гуэгушым щыхуэн хуейщ, и теплъэкІэ тхъуэплъ дахэ хъун щхьэкІэ. Лы жьар тебэм кърахыжри, тепщэчым иралъхьэ. Тебэм къина псыри дагъэри яз, езы тебэр ятхьэщІри, гъущэу ялъэщІыж, ар мафІэм трагъэувэри, тхъу иракІэ. Абы цІыкІу-цІыкІуурэ упщІэта бжьыныху, шыбжий плъыжь сыр хьэжа халъхьэри, бжьыныхум дыщафэ къытеуэху ягъэлыбжьэ. Гуэгушылым къыщІэжа лэпс дагъэр щІакІэ, мафІэр цІыкІу ящІри, тебащхьэр тепІауэ дакъикъи 6 - 7-кІэ къагъавэ. Тебэр къытрахыж, джэдгын хаудэри, и щхьэр тепІауэ дакъикъи 4 - 5-кІэ щагъэт. Іэнэм щытрагъэувэкІэ, гуэгушылыр Іыхьэ-Іыхьэурэ зэпкърах е якъутэ, тепщэчым иралъхьэри, бжьыныху лыбжьэр тракІэж. ПІастэ хуабэ и гъусэу пщтыру яшх.

***Халъхьэхэр (цІыху тІощІ я Іыхьэ):***
гуэгушу - 1 (г 8000), тхъуэ - г 200, бжьыныху,



укъэбзауэ - г 300, шатэу - г 250-рэ, псывэу - г 150-рэ, лэпсу е псыуэ - г 460-рэ, шыгъуу, шыбжийуэ, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.



# Зэрыджэпсрэ форэ

Мыр бжьыхьэм гъэтІылъыгъэ ящІу щытащ. Зэрыджэм псы щІыІэ дагъэжэх, и хьэдзэхэр къыпач, шынакъ куум иракІутэри, япІытІурэ и псыр къыщІаху. Зэрыджэ пІытІам псывэ тІэкІу щІакІэ, бэлагъкІэ зэІащІэурэ икІи, зэхэшыпсыхьын щхьэкІэ, и щхьэр тепІауэ дакъикъи 5 - 10-кІэ щагъэт. Абы и ужькІэ ар бинт тІууащІэ-щащІэкІэ яз, зэрыджэпсыр къыщІакъуэзыкІыурэ. Абы и псыр нэгъуэщІ шынакъым иракІэ, зэІащІэурэ абы фо гъэткІуа хакІэ, ар кхъуэщыным е кІэструл лам иракІэжри, и щхьэр гъэбыдауэ щІыІапІэ-кІыфІыпІэм щагъэув. ВитаминкІэ къулейщ. Зэрыджэпс зэхэшыпсыхьар сэбэп яхуохъу щІыІэ зыхыхьахэм, псчэрейхэм, зи шхалъэ узхэм, зи пэм лъы къикІхэм. Шейм хэпкІэуи езыр-езыруи уефэ хъунущ. Псом нэхърэ нэхъыфІыр гъуэлъыжыгъуэм ирихьэлІэу уефэнырщ.

***Халъхьэхэр:***
зэрыджэпсу- г 1000, фоуэ - г 1000, псывэу - г 100.

**КЪУБАТИЙ Борис.**

● Псалъэжьхэр

## Зэхуэфащэ зэщауэгъуищ

♦**Закъуэныгъэ нэхърэ - Іэл къыбдис.**
♦**Зэдэшхэ ІэфІщи, зэдэфІ унэщ.**
♦**Имысрэ сымаджэрэ Іыхьэншэщ.**
♦**КъакІуэ псори благъэщ.**
♦**Къуэш лей щыІэкъым.**
♦**Уи бынрэ уи благъэрэ умыбж.**
♦**Зи щхьэ Іуэху зыхуэмыщІэжыр хамэ ІуэхукІэ ерыщщ.**
♦**Къуажэ ив нэхърэ - къуажэ и благъэ.**
♦**Зи щхьэр къабзэ, зи гур бзаджэ.**
♦**Фэ зытетым гу кІуэцІылъщ.**
♦**Къомыхъуэжынур, къомыщэжынур уи анэрэ уи нитІрэщ.**
♦**ЩІыр бжьэкІэ епщри, къыпыщым тоувэ.**
♦**Дыщ мэжаджэ ІэфІщ.**
♦**Джэду хьэжы зыкъещІ.**
♦**Зэхуэфащэ зэщауэгъущ.**
♦**Зегъэуби, уи бын пІыж.**
♦**Кърум шыр имыІэмэ, зы бзущ.**
♦**Къуажэ дэз Іыхьлы нэхърэ - жылэ и зырыз благъэ.**
♦**Нэм псэр зыщІешэ, гум гур къреджэ.**

## Пщыгъуэхэр зэгуигъэхьэри

Ди эрэм ипэкІэ 3200 гъэм Мени фирхьэуным Мысырым щыІэ пщыгъуэхэр зэгуигъэхьэри, Мемфис зи къалащхьэ Мысыр къэралыгъуэр къызэригъэпэщащ, дунейм щыяпэ дыдэу. Илъэс 500 хуэдиз дэкІа нэужь ар лъэщ мэхъу икІи ди эрэм ипэкІэ 2725 гъэм зауэ зекІуэхэр ирегъажьэ, лъэныкъуэ куэдкІэ унэтІауэ. Апхуэдэурэ къизэуащ Суданыр, Сириер, Ливаныр зэрыс щІыналъэхэр.

## Ди флотым и лъэщагъыу щытар

Хэку зауэшхуэм щыщІидзам СССР-м и Дзэ-Тенджыз флотым иІащ зэрызауэ кхъухь зэмылІэужьыгъуэу 1000-м нэс. Абыхэм ящыщу 3-р линкорт, 54-р эсминецт, 212-р псыщІагърыкІуэт, 22-р псы Іуфэхэр зыхъумэт, 80-р хьэлъэзешэт, 287-р торпедэзезыхьэт. Абы нэмыщІ ди къэралым иІащ тенджыз авиацэм и кхъухьлъатэу 2.800-рэ, артиллерием и псы Іуфэ батарееу 260-рэ.

# Псалъэзэблэдз



***ЕкІуэкІыу:*** **6**. Хьэхуэ-... жысІэми, телевизор щІэрыпсышхуэ къэсщэхуащ. **7**. ЩІы щхьэфэ тещтыкІа. **8**. И пщэм тралъхьэу выр гум зэрыщІащІэ. **9**. Джэд ... и пщІыхьэгъущ. **11**. Илъэс зытІущым ит шыщІэ мыгъасэ. **14**. Уэгум и ищхъэрэ лъэныкъуэмкІэ къыщыунэху вагъуэ гуп. **17**. Мэл зыхэвэ нэхърэ - ... зыхэпкІэ. **18**. Гъэгъа шакъафэ-къащхъуафэхэр къызыпидзэ, гъатхэм пасэу щІым къыхэж удз цІыкІу. **19**. Зи щхьэгъусэм къыбгъэдэкІыжа цІыхубз. **21**. Іэпхъуамбапщэм и гъумагъым хуэдиз хъу щапхъэ. **23**. Пщэ гъум.

***Къехыу:*** **1**. Тхьэмпэм зэреджэ нэгъуэщІ цІэ. **2**. ГъэшхэкІ. **3**. Зи ныбжьыр хэкІуэта цІыхухъу. **4**. ПшахъуэщІ. **5**. «... щалъху мэкІуэж» - Молэ Владимиррэ Гъубжокъуэ Лиуанрэ яуса уэрэд цІэрыІуэ (ХьэхъупащІэ Хьэсэни, Къашыргъэ Мухьэмэди, нэгъуэщІхэми ягъэзащІэ). **10**. Министрщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щІыхь зиІэ и артистщ. **12**. КІыщокъуэ Алим и усэ нэхъ цІэрыІуэ дыдэхэм ящыщщ. **13**. Ямыупсу щхьэкум кърanэу щыта щхьэц Іэрамэ. **15**. Къэрэшей-Шэрджэсым ис лъэпкъ щхьэхуэ, хабзэкІэ адыгэм ди гъунэгъуу. **17**. Бдзэжьей лІэужьыгъуэ. **19**. ГушыІэ е щІагъыбзэ щІэлъу зыгуэрым ираутІыпщ псэлъафэ. **21**. Узыдэмыхьа къуэладжэ ... дэзщ. **23**. ... и уасэу зы уэстын, хьэмэрэ зы и уасэу ... уэстын?

*Зэхэзылъхьар* **САУТ СулътІанщ.**

***Мэлыжьыхьым и 25-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкІуэкІыу:*** **1**. Нэкулъ. **3**. Абыкъу. **6**. Бжьакъуэ. **8**. Хьэджей. **11**. Банэху. **13**. Къуажэ. **14**.Хьэдзэ.
***Къехыу:*** **1**. Нащэ. **2**. Кумб. **4**. Бгъэ. **5**. Къунтх. **7**. Арджэн. **9**. Бжыкъу. **10**. Матэ. **11**. Быж. **12**. Хулъэ.

# ФэкІэ щІалэрэ гукІэ лІыуэ

♦**Уеплъмэ данэщ, зэгуэпхмэ банэщ** - Теплъэ дахэ зиІэ цІыху бзаджэм хужаІэ.
♦**И фэр дахэрэ и кур фауэ** - Уеплъмэ къабзэщ, уиплъэмэ фІейщ
♦**УзытелІэ нэхърэ къыптелІэ** - Уэ фІыуэ плъагъу щхьэкІэ, езым укъимылъагъужмэ, гугъу удехьынущ, ауэ фІыуэ укъэзылъагъум уигъэтыншынущ, жыхуиІэщ.
♦**Уигу ирихьыр ІэфІщ, фІыуэ плъагъур дахэщ** - ФІыуэ плъагъум нэхъ дахэ щымыІэу къыпщохъу.
♦**Уи гур ещхьу щытыжатэм, сыту дахэт а уи щхьэр** - Теплъэ дахэ зиІэу, зигу фІы имылъым хужаІэ.
♦**Уэ унаджэІуджэмэ, гъуджэм сыт и лажьэ?** - Уэ уи лажьэр нэгъуэщІым теплъхьэну ухуемыжьэ, уэ зэгъэзэхуэж, жыхуиІэщ.
♦**Фэ зытетым гу кІуэцІылъщ** - ЦІыхум и зэфІэкІыр и теплъэм къегъэлъагъуэ, жыхуиІэщ.
♦**ФэкІэ щІалэрэ гукІэ лІыуэ** - И ныбжьым емылъытауэ щІалэ губзыгъэм, лІыгъэ зыхэлъым хужаІэ.

# Уэрэдым дамэу еIэт

**Нарткъалэ дэт Щэнхабзэмкlэ унэм иджыблагъэ щэнхабзэ зэlущlэ дахэ къыщызэрагъэпэщащ. Ар теухуауэ щытащ «Нартхасэ» уэрэдымрэ къафэмкlэ цlыхубэ ансамблым и хормейстер, адыгэ уэрэдыжьхэр екlуу гъэзэщlэнымкlэ бгъэдэлъ зэфlэкl лъагэхэмкlэ жылагъуэм щыцlэрыlуэ Тохъу Мухьэмэд Жэндар и къуэм и творчествэм, апхуэдэуи и ныбжьыр илъэс 65-рэ зэрырикъур гъэлъэпlэным. Махуэшхуэр зейр ягъэгушхуэну, яlэтыну гуфlэгъуэ пшыхьым цlыху куэд къекlуэлlат. Апхуэдэхэт республикэм и творческэ гупхэр, щэнхабзэ, щlэныгъэ, хъыбарегъащlэ lэнатlэхэм я лlыкlуэхэр, курыт школхэм я пашэхэр, еджакlуэ нэхъыжьхэр, Тохъур къызыхэкlа лъэпкъым щыщхэр, абы и ныбжьэгъухэр, благъэхэр - Мухьэмэд и творчествэм дихьэх псори.**

ПШЫХЬЫМ зыкърезыгъэхьэлlа хьэщlэ лъапlэхэм яхэтт Аруан щlыналъэ администрацэм и lэтащхьэм и къуэдзэ Мер Рустам, композитор цlэрыlуэ, УФ-м, АР-м гъуазджэхэмкlэ щlыхь зиlэ я лэжьакlуэ, КъБР-м и цlыхубэ артист Хьэlупэ Джэбрэlил, Щоджэнцlыкlу Алий и цlэр зезыхьэ псапащlэ фондым и пашэ Щоджэнцlыкlу Леонид, щlэныгъэлl цlэрыlуэ Бищlо Борис, ди республикэм и щэнхабзэ, гъуазджэ lэнатlэхэм щыцlэрыlуэхэу Гъыдзэ Валерэ, Зэрамыщlэ Заретэ, Жылэ Анатолэ, Байтемиров Сергей, КъБР-м и Хэхакlуэ комиссэм, Унагъуэмрэ сабийхэмрэ социальнэу ядэlэпыкъунымкlэ республикэ центрым, Дунейпсо Адыгэ Хасэм, республикэм и хъыбарегъащlэ lэнатlэхэм, нэгъуэщl къэрал, жылагъуэ lэнатlэхэм я лlыкlуэхэр, нэгъуэщlхэри.

«Нартхасэ» ансамблым игъэзэщlа лъэпкъ къафэмкlэ пшыхьыр къызэlуаха нэужь, абы къырихьэлlа псоми я lэгуауэ иным щlэту утыкущхуэм пщlэ хуащlу кърашащ Тохъу Мухьэмэд, lуэхур екlуу, къызыхуэтыншэу, нэжэгужэу езыгъэкlуэкlахэу щэнхабзэм и лэжьакlуэ цlэрыlуэ Бекъул Каринэрэ Аруан щlыналъэм и Щlалэгъуалэ центрым и унафэщl Хъуэст Темырланрэ и гъусэу. Зи хормейстер гупыр къыдежьууэ, Тохъу Мухьэмэд и макъ лъэщымкlэ абдеж екlуу щигъэзэщlащ «Си Къэбэрдей, си лъахэ» уэрэд дахэр, «Нартхасэм» и солисткэ Мэрзей Эльмирэрэ КъБР-м щэнхабзэмкlэ щlыхь зиlэ лэжьакlуэ Щоджэн Валерэрэ щlыгъуу.

lэгуауэшхуэ зыхуаlэта уэрэджыlакlуэхэр утыкум икlыжа нэужь, пшыхьыр езыгъэкlуэкlхэм къызэхуэсахэр кlэщlу щыгъуазэ хуащlащ махуэшхуэр зей Тохъу Мухьэмэд и гъащlэмрэ и творческэ лэжьыгъэмрэ.

Ди республикэм и псыщlэгъэлъадэ lэнатlэм и ехъулlэныгъэм зи зэфlэкlрэ щlэныгъэрэ езыхьэлlэ lэщlагъэлlщ Тохъур. Ар Хьэтуей къуажэм къыщалъхуащ 1961 гъэм и мэлыжьыхь мазэм. Курыт школыр ехъулlэныгъэкlэ къиухри, Мухьэмэд и щlэныгъэм щыхигъэхъуащ Прохладнэ къалэм дэт мэкъумэш техникумым, иужькlэ щеджащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш институтым (иджы университетым). Мы зэманым ар Къэбэрдей-Балъкъэрым и псыщlэгъэлъадэ хозяйствэм Май щlыналъэм щиlэ къудамэм и унафэщlым и къуэдзэщ. Ар къыщалъхуа Хьэтуей жылэми, щыпсэу Нарткъали, зыдэлажьэ гупми я деж пщlэрэ нэмысрэ щиlэщ. И къалэнхэр къызыхуэтыншэу, жэуаплыныгъэр зыхищlэу, хьэлэлу зэрырихьэкlым папщlэ, Тохъум мызэ-мытlэу къыхуагъэфэщащ УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкlэ и министерствэм, КъБР-м и Парламентым, щылажьэ lэнатlэм, район, къалэ администрацэхэм къабгъэдэкl щlыхь, фlыщlэ тхылъхэр.



А лэжьыгъэ псоми къадэкlуэу Мухьэмэд жыджэру хэтщ районым, республикэм щекlуэкl жылагъуэ гъащlэм, щэнхабзэ зэхыхьэхэм, лъэпкъпсо lуэхухэм, а псоми и зэфlэкlрэ зэчийрэ хилъхьэу. Абы и макъ екlумкlэ егъэзащlэ адыгэ уэрэдыжьхэр, иджырей пшыналъэхэр, лирикэ уэрэдхэр. Тохъум и уэрэдхэр адыгэ радиом и фондым халъхьащ, пщlэ хуащlу. Мыбдеж къыщыхэзгъэщынщи, хэкупсэрэ хэкугуу зи гъащlэр зыхь Мухьэмэд «Адыгэ псалъэ» газетым и ныбжьэгъу пэжхэм, щlэджыкlакlуэ набдзэгубдзаплъэхэм ящыщщ. Хэкум, адыгэ лъэпкъым, ди анэдэлъхубзэм теухуа и гупсысэхэр къыщызэщlэкъуа тхыгъэхэр газетым и напэкlуэцlхэм щlэх-щlэхыурэ ибольагъуэ. Ди лъэпкъым теухуауэ абы къытехуэхэм я купщlэр псэкlэ зыхищlэу, унагъуэкlэ къыщlэувэ щlэблэм, зи хормейстер «Нартхасэ» творческэ гупым хэтхэм ядригъэкlуэкl гъэсэныгъэм лъабжьэ яхуищlу.

Тохъум и творческэ пшыхьымрэ и махуэщlымрэ дэзыlэтхэм ящыщу япэу утыкум къихьащ Мер Рустам. Аруан щlыналъэм и администрацэм и lэтащхьэми езыми къабгъэдэкlыу Мерым псалъэ гуапэ куэд жриlащ нэхъыжьыфlым.

- Нобэ Щэнхабзэмкlэ унэм щызэхуэсащ ди уэрэджыlакlуэ цlэрыlуэхэм, хэкулl гуэззэджэхэм, лъэпкъым и нэхъыжьыфlхэм халъытэ Тохъу Мухьэмэд и дуней тетыкlэм пщlэ хуэзыщlхэм, и lуэху еплъыкlэр къэзылъытэхэм, и творчествэм дихьэххэм ящыщ куэд. Сэри сащыщщ абыхэм икlи согушхуэ, согуфlэ Мухьэмэд хуэдэ хэкупсэкlэ Къытщхьэщытыр къызэрытхуэупсам папщlэ, - къыхигъэщащ абы. - Къытщlэхъуэ щlэблэр гъэсэнымкlэ зи творчествэм мыхьэнэшхуэ иlэ цlыхущ Тохъур. Си гуапэу сохъуахъуэ гъащlэ кlыхь узыншэу къигъэщlэну, творческэ ехъулlэныгъэщlэхэр дяпэкlи зыlэригъэхьэну.

Мухьэмэд къыщалъхуа, къыщыхъуа Хьэтуейм гупышхуэ къикlат, къуажэ администрацэм и lэтащхьэ Дзыхьмыщl Анзоррэ жылэм и нэхъыжьыфlхэм я советым и тхьэмадэ Бетрожь Юрэрэ я пашэу. Гуми псэми къабгъэдэкl псалъэ гуапэхэр жраlащ абыхэм жылэр зэрыгушхуэ я къуажэгъум. lэгуауэ иным щlэту Тохъум иратащ «Хьэтуей къуажэр илъэси 175-рэ ирокъу» дамыгъэ лъапlэр, апхуэдэуи «Хьэтуейм щlыхь зиlэ и цlыху» цlэ лъагэр зэрыфlащам щыхьэт техъуэ дэфтэрыр. Къыхэзгъэщынщи, фlыщlэ тхылърэ сурэт дахэу, саугъэт лъапlэрэ тыгъэ екlуу юбилярым а пщыхьэщхьэм иратар куэд мэхъу. А псори Тохъум къилэжьащ и цlыху хэтыкlэ екlумкlэ, хэлъ хабзэ дахэмрэ нэмыс куумкlэ, бгъэдэлъ творческэ зэчий лъагэмкlэ.

Цlыху куэди ехъуэхъуащ а пщыхьэщхьэм Тохъум. Абыхэм яхэтт республикэм и творческэ гупхэри, lэнатlэ зэмылlэужьыгъуэхэм я лlыкlуэхэри, lэщlагъэлlхэри, щlэныгъэлlхэри, нэхъыжьхэри, ныбжьыщlэхэри.

Хьэlупэ Джэбрэlил и псалъэм зэхуэсым кърихьэлlа псори щыту едэlуащ, и ныбжьым, и зэфlэкl лъагэм, акъыл куумрэ гупсысэ шэщlамрэ пщlэ хуащlу.

- Тохъур зи хормейстер цlыхубэ ансамблым хуэдэхэм мыхьэнэшхуэ яlэщ ди лъэпкъым игъащlэ лъандэрэ къыдекlуэкl хабзэр, щэнхабзэр, лъэпкъ тхыдэр хъума хъунымкlэ. Дэ тхуэдэ лъэпкъ мащlэхэм я дежкlэ къыпхуэмылъытэным хуэдиз фlыгъуэщ Мухьэмэд игъэзащlэ уэрэдыжьхэр ди щlэблэм зэрызэхахыр. Абыхэмкlэ ныбжьыщlэхэм я гум къыщыгъэуша мэхъу хэку лъагъуныгъэр, блэкlа тхыдэми ахэр щыгъуазэ хуещl. Абы и щапхъэщ иджыпсту Мухьэмэд екlуу игъэзэщlа «Ридадэ» уэрэдыжьыр. Абы щlэзэхуэуэнащ адыгэм и тхыдэр, лlыгъэри, дуней еплъыкlэри, хабзэри, нэмысри. А псори нэхъыжьхэм къащlэна хъугъуэфlыгъуэхэщ, - жиlащ Хьэlупэм. - Фlыщlэ ин фхузощl нобэ си ныбжьэгъур зыгъэлъэпlэну пшыхьым къекlуэлlа псоми. Тохъум хуэдэ лъэпкъым уиlэныр куэд и уасэщ. Тхьэм куэдрэ узыншэу уигъэпсэу, Мухьэмэд.

Апхуэдэ фlыщlэ псалъэщ Бищlо Борис утыкушхуэм щыжиlахэри. Абы и къэпсэлъыныгъэм къыхигъэщащ Тохъум уэрэдыжьхэр игъэзащlэ къудей мыхъуу, ахэр зытещlыхьа lуэхугъуэхэм щыгъуазэ зэщlыным, хэт псалъэхэр гъэнэхуэным зэрелlалlэри.

Нэхъыжьыфlым хуагъэпс апхуэдэ къэпсэлъэныгъэ купщlафlэхэм, хъуэхъу екlуухэм яхэхуэнат езы Тохъум, республикэм и творческэ гупхэм, цlыху щхьэхуэхэм ягъэзащlэ къафэхэр, уэрэдхэр. Жыпlэнурамэ, пшыхьыр зей Тохъу Мухьэмэд цlыхубэр хуэфащэ дыдэу зэрыхуэупса а гуапагъэм юбилярым и мызакъуэу, lуэхур щекlуэкl пэшышхуэм щlэсхэми я гукъыдэжымрэ дэрэжэгъуэмрэ зэщlаlэтэрт. Дэтхэнэри хуейт и псалъэ гуапэ, щабэ, lэфl lуэхум хилъхьэну.

Зыпэрыта lэнатlэхэм фlыщlэ куэд къыщызылэжьа, уэрэдым дамэу иlэту гъащlэр нобэ езыхьэкl Тохъу Мухьэмэд Жэндар и къуэм дэри, «Адыгэ псалъэм» и лэжьакlуэхэр, ди гуапэу дохъуэхъу. Узыншагъэ быдэ иlэу, и унагъуэм, и бынитlым, абыхэм къащlэувэ щlэблэм я насып хэплъэу, и дунейр дахэу, и пщlэр лъагэу псэуну, иджыри куэдрэ адыгэ лъэпкъым хуэлэжьэну Тхьэм жиlэ!

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

# «Джэдыкъуэ Плъыжьым» и шыгъэжапlэм

**«Кавказ дерби» фlэщыгъэр зэрихьэу шыкlэ гъуэгуанэ кlыхьхэр зэпычынымкlэ урысейпсо зэхьэзэхуэ щекlуэкlащ Бахъсэн къалэм и «Джэдыкъуэ Плъыжь» спорт комплексым. Абы щызэпеуащ ди къэралым и щlыналъэхэм ящыщу 16-м я шууейуэ 122-рэ. Апхуэдэуи, УФ-м и тхыдэм щыяпэу километри 100 зи кlыхьагъ гъуэгуанэр нэхъ псынщlэу зэпычынымкlэ екlуэкlа зэхьэзэхуэм зэуэ хэтащ шууей 38-рэ.**

«КАВКАЗ дерби» зэпеуэм (километри 100) япэ увыпlэр къыщихьащ Ставрополь щlыналъэм и лlыкlуэ Бекъан Дарье, «Амазонкэ» шымкlэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и шууей Абдуллаевэ Салиха «Эрида» шымкlэ етlуанэ хъуащ. Мыбдежым, Заящ Анастасие «Разумник» шымкlэ ещанэу къэсащ (Къырым).

Гупхэм я зэпеуэм увыпlэхэр мыпхуэдэу ягуэшащ: «Otrada Endurance Team»-р япэщ, «Family Horse»-р етlуанэщ, «Four Horses»-р ещанэщ.

Километри 120-рэ зи кlыхьагъ гъуэгуанэр нэхъ псынщlэу зэпычынымкlэ ныбжьыщlэхэм ирагъэкlуэкlа зэпеуэм Елагинэ Миленэ япэ хъуащ «Вайоминг» шымкlэ (Мэзкуу область). Мэзкуу къалэм къикlа Дуненкова Александрэ етlуанэ хъуащ «Сатилит» шымкlэ, ещанэу «Джексон Шторм» шымкlэ Черновэ Екатеринэ къэкlуащ (Мэзкуу область).



Километр 80 зи кlыхьагъ гъуэгуанэм щытеклуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и шууейщыр. Ахэр Тау Аскэр («Каир»), Къалэ Мухьэмэд («Колорадо»), Къэрэгъул Астемыр («Карагез») сымэщ.

Килограмм 95-м щlигъу зи хьэлъагъ шууейхэм я зэпеуэм а гъуэгуанэ дыдэр нэхъ псынщlэу щызэпачащ Шыгъуш Къантемыррэ («Гром») Мамхэгъ Астемыррэ («Сержант Куба»).

Километр 40 зи кlыхьагъ гъуэгуанэм щызэпеуахэм ятекlуащ Шитуев Къанщобий, «Шейх 17» шымкlэ (КъБР). Маллакаев Алихъан «Шагъдий» шымкlэ етlуанэ хъуащ (КъШР), ещанэр Ныр Хьэзрэталийщ, «Света» шымкlэ (КъБР).

Килограмм 95-м щlигъу зи хьэлъагъ шууейхэм я зэпеуэм а гъуэгуанэ дыдэр нэхъ псынщlэу щызэпичащ Щоджэн Имран, «Карат» шымкlэ (КъБР), етlуанэр КъШР-м щыщ Дыгъужь Рустамщ, «Атлант 31» шымкlэ. Ещанэр ди республикэм и шууей Жамбей Владимирщ, «Шабзэ» шымкlэ.

Шыр фlыуэ зылъагъухэм я зэпеуэм километр 20 зи кlыхьагъ гъуэгуанэр псом япэу щызэпичащ Хьэкъул Мурат, «Мэзкуу Куба» шымкlэ.

Килограм 95-м щlигъу зи хьэлъагъ шууейхэм я зэпеуэм а гъуэгуанэ дыдэр нэхъ псынщlэу щызэпичащ Мэлбахъуэ Мухьэмэд, «Нур» шымкlэ.

Зэхьэзэхуэхэм къыщытехьэжанықlахэм кубокхэр, медалхэр, щlыхь тхылъхэр иратащ. Ахъшэ саугъэту щагъэджэгуар сом зы мелуан мэхъу.

**МЫСОСТ Билал.**

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокl. 12+

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.266 • Заказыр №879

Газетым lэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр щlыналъэ lуэхущlапlэм ПИ № ТУ07-00117-м щlэту ятхащ.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщl-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66

ДИ ХЭЩlАПlЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинbackslash ым и цlэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщlанэ къатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, Есэнтlыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А